

ИІэнущ дяпэкІи лъапІэнығъэ

2-нэ нап.

Пасэрей тхылъ хъумапІэхэр

3-нэ нап.



«ЩыкІураш»

4-нэ нап.

ІэщІагъэ дахэм и хъумакІуэхэр

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№88 (24.838) ● 2025 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 22, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ



КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Тэрч къэзакъыдзэм и атаман Савченкэ Владимиррэ КъБР-м къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ министру щыІэ Крючков Вячеславрэ я гъусэу, Екатериноградскэ станицэм щекІуэкІа, Щынальэ зыбжанэ къызэщІэзыубыдэ къэзакъ щІалэгъуалэм я II слётым хэтащ.

ФІыкІэ ягу къинэжынущ Къэбэрдей-Балъкъэрыр

ЗЭРЫХАБЗЭУ, дауэдапщэм и пэм щІыпІэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъхэм удз гъэгъа тралъхьащ. Мемориалым къыхэІущІыкІащ станицэм щыщ лІыхъужьхэм я цІэ-унэцІэхэр. Ахэр сыт щыгъуи къыдэкІуэтейхэм я щапхъэу щытынущ. Ноби Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэхэм дзэ Іуэху хэхам хэту, я псэ емыблэжу Хэкур яхъумэ.

Слётыр илъэс етІуанэ хъуауэ Тэрч къэзакъыдзэм къызэрегъэпэщ КъБР-м ЩІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэмрэ Президент грантхэм я фондым щыщу, «ЩІалэгъуалэм папщІэ щынальэ» программэмрэ я дэІэпыкъуныгъэкІэ.

УФ-м и щІыпІэ куэдым я лІыкІуэу, станицэм цІыхуи 150-м нэс щыІащ. Ахэр къикІащ Мэзкуу, Санкт-Петербург къалэхэм, Ростов областым, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэм, Ставрополь крайм. Абыхэм яхэтащ ди республикэм щыщхэри.

Зэхуэсым и мурад нэхъыщхьэщ щІыпІэ, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщ щІалэгъуалэм я зэхуакум зэныбжьэгъугъэ дэлъу, я Хэкур фІыуэ ялъагъуу къэгъэтэджыныр. Программэр зэхьэзэхуэ куэду зэхэтщ, акъылкІи спорт и лъэныкъуэкІи щызэпеуэнущ.

ЩІэныгъэм епха Іыхьэм ныбжьыщІэхэм къыщагъэлъэгъуащ грант къахьын папщІэ, лъэІу тхылъхэр зэрагъэхьэзырыр, проектхэр утыку зэрырахьэ щІыкІэм зыщрагъасэ мастер-классхэр екІуэкІащ.

КІуэкІуэ Казбек районым и унафэщІымрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ министрымрэ къалэн ящищІащ ныбжьыщІэхэм зыщагъэпсэхуну щыпІэм зрагъэубгъуну, сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я зэхуэсхэр нэхъ зыхуей хуэзауэ екІуэкІын хуэдэу.

Республикэм и Іэтащхьэр слётым хэтхэми абы къекІуэлІа хьэщІэхэми ехъуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щрахьэкІыну зэманыр фІыкІэ ягу къинэжын хуэдэу, ягу хэхъуэу загъэпсэхуну.

ЦІыхухэр щІэтхьэусыхэр и чэзум зэфІэгъэкІыпхъэщ

Республикэм и Правительствэм щыщхэр хэту КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ «муниципальнэ сыхьэт» зэІущІэр.

ЗЫТЕПСЭЛЪЫХЬА Іуэхугъуэхэм ящыщщ щІыналъэхэм лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ гъэзэщІа зэрыщыхъур. КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ ди республикэр лъэпкъ проекту 12-м зэрыхэтыр, абыхэм ящыщу 8-р муниципалитетхэм зэрыщагъэзащІэр, къимыдэкІэ, КИФЩІ-м и щІыналъэхэм сыт и лъэныкъуэкІи зегъэужьыным хуэунэтІа программэхэми, нэгъуэщІхэми зэрелэжьыр.

Лэжьыгъэм къызэщІрагъэубыдащ социальнэ ІэнатІэ псори – еджапІэхэр ухуэнымрэ зыкІэлъыІэбапхъэхэр зэгъэпэщыжынымрэ, библиотекэхэр, щэнхабзэмкІэ унэхэр къэгъэщІэрэщІэжыныр, щІыналъэ сымаджэщ нэхъыщхьэхэм я поликлиникэ къудамэхэр зыхуей хуэгъэзэныр, нэгъуэщІ куэди.

Шэч хэмылъу, а лэжьыгъэхэм хохьэ къуажэхэр зэІузэпэщ щІынри – жылагъуэ щІыпІэу зэлэжьхэр 37-рэ мэхъу.

ФокІадэм я бжэхэр ныбжьыщІэхэм къыхузэІуахынущ еджапІэщІэу 9-м. Ахэр гъэ еджэгъуэщІэм хуэгъэхьэзырын лэжьыгъэхэр йокІуэкІ, къедза щІыпІэхэр зыхуей хуагъэзэ, ахэр зыхыхьэ щІыпІэхэм я муниципальнэ мылъкуу зэрыщытым теухуа дэфтэрхэр зэрагъэпэщ.

Гулъытэ хэха хуащІу зытепсэлъыхьахэм ящыщщ псыкІэ къызэгъэпэщыным пыщІар – щІыналъэм унафэ хуэщІынымкІэ и центрымрэ цІыхухэм зэрызыкъыхуагъазэхэм хэплъэнымкІэ управленэмрэ я лэжьакІуэхэм республикэм щыпсэухэм хъыбар кърагъащІэ псыр ирикъуу зэрамыІэмкІэ.

Дунейр хуабащэ къызэрыхъуам къыхэкІыу псынэхэми, къыщІэшыпІэхэми ар нэхъ мащІэ щыхъуащ. ЩытыкІэр нэхъри гугъу ещІ псыр цІыхухэм зэраІэрыхьэ бжьамийхэр жьы дыдэ зэрыхъуами. Іэтащхьэм зэІущІэм хэтхэм пщэрылъ ящищІащ цІыхухэм зэрызыкъыхуагъазэхэм набдзэгубдзаплъэу хущытыну, жылэдэсхэм псы яІэным я нэІэ трагъэтыну икІи, хуэныкъуэ зэрыхъуу, абыхэм псы хурагъэшэнвр къызэрагъэпэщыну.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ 2019 гъэм къыщыщІэдзауэ цІыхухэр псыкІэ къызэзыгъэпэщ бжьамийхэр зэгъэпэщыжыным е ахэр щІэкІэ зэхъуэкІыным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр жылэ 55-м зэрыщрагъэкІуэкІар, ар псы зэрыкІуэ бжьамий километр 436-рэ, къыщІэшыпІэу 46-рэ мэхъу.

Бахъсэн псы зэбгрышыпІэр яухуэ – абы псыкІэ къызэригъэпэщынущ Бахъсэн, ХьэтІохъущыкъуей, Дыгулыбгъуей, Бахъсэненкэ, Зеикъуэ, Ислъэмей, ПсыкІэху жылэшхуэхэр. Мы гъэм елэжьыну траухуащ апхуэдэ щІыпІэ 22-м, жылэ 18 къызэщІаубыдэу. А псом къадэкІуэу, республикэм хэтыну зегъэхьэзыр псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэ ІэнатІэр къэгъэщІэрэщІэжыным теухуа программэу 2026 гъэм тещІыхьам. Илъэс куэд хъуауэ псым пыщІауэ зэтрихьа гугъуехьхэр гъэзэкІуэжыным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІынущ, абы хуэгъэзауэ щыІэ Іэмал псори къагъэсэбэпурэ.

Апхуэдэуи къытеувыІащ жылэхэм я къабзагъэм теухуа Іуэхуми. Республикэм и Іэтащхьэм щІыналъэхэм я унафэщІхэм пщэрылъ ящищІащ абыхэми я нэІэ трагъэтыну, цІыхухэр щІэтхьэусыхэр и чэзум зэфІагъэкІынуи къыхуриджащ.

Нэхуу, дахэу, тыншу

Налшык и Дубки хьэблэм щыІэ сымаджэщ къалэ цІыкІумрэ Узыншагъэ паркымрэ зыхуей хуэгъэзэным теухуауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм зыщигъэгъуэзащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

ЗЭРАГЪЭПЭЩЫЖА Кардиоцентрым къегъэбыдылІа щІыналъэр зэІузэпэщ ящІащ. Абдежым, сымаджэхэмрэ дохутырхэмрэ я лъэІукІэ, машинэ гъэувыпІэ, щхъуантІагъэкІэ гъэдэха щІыпІэ къыщызэрагъэпэщынущ, иджырей мардэхэм тету и хъуреягъыр къэзыгъэнэху уэздыгъэхэр щыфІадзэнущ, лъэс лъагъуэхэр ящІынущ.

Апхуэдэ дыдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІынущ Жьэн узыфэхэм щеІээ диспансерым къегъэбыдылІа щІыналъэми.

Ди къуэш республикэхэм

Апсным щызэІуощІэ

АБХЪАЗ. **Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Новак Александр лэжьыгъэ ІуэхукІэ кІуащ Абхъазым. Ар ирагъэблэгъащ республикэм и премьер-министр Делбэ Владимир, УФ-м и лІыкІуэу Абхъазым щылажьэ Шургалин Михаил, сату Іуэхум ехьэлІауэ республикэм щыІэ Кобесовэ Залинэ сымэ.**

Сыхъум щызэхэтащ Урысей Федерацэмрэ Абхъаз Республикэмрэ я правительствэхэм социально-экономикэ зэдэлэжьэныгъэмкІэ я комиссэм и 20-нэ зэІущІэ.

Абы ипэ къихуэу, Новак Александр зригъэлъэгъуащ Республикэ сабий сымаджэщым и ухуэныгъэр зэрекІуэкІыр.

Къулыкъум пэроувэ

АДЫГЕЙ. **Республикэм Къэрал, муниципальнэ Іуэху куэд щызэфІах и центрым (МФЦ) и унафэщІ къулыкъум пэрыуващ ЛІыхэс Рустам, - къет Адыгейм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Мырзэ Джанбэч.**

А къулыкъум илъэс 13-кІэ пэрытащ иджы щІыналъэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ къулыкъур дзыхь зыхуащІа Юрченкэ Еленэ.

МФЦ-м къэкІуэн ипэкІэ ЛІыхэс Рустам щылэжьащ Адыгэ Республикэм хьэрычэт Іуэхур дэІыгъынымкІэ и центрым.

Мырзэ Джанбэч къыхигъэщащ Іуэху куэд щызэфІах центрхэр къызэгъэпэщыныр цІыхухэм фІагъ зиІэ къэрал Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэныр егъэфІэкІуэнымкІэ проект лъэщу зэрыщытыр. Нобэ Адыгейм МФЦ-м и сетым къызэщІеубыдэ республикэм и щІыналъэхэм я процент 92-р икІи и лэжьыгъэмкІэ Урысей Федерацэм и центр нэхъыфІхэм ящыщщ.

«Нарт» стадионым щокІуэкІ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Черкесск дэт «Нарт» стадионым щокІуэкІ Росавтодорым и лэжьакІуэхэм илъэс къэс зэхаублэ я спартакиадэр. Абы хэтхэм фІэхъус псалъэкІэ зыхуагъэзащ Къэрэшей-Шэрджэсым и Іэтащхьэ Темрезов Рашид, республикэм и Правительствэм и унафэщІ Аргун Мурат, «Кавказ» УПРДОР-м и унафэщІ Лукашук Александр сымэ.**

«КЪЭРЭШЕЙ-Шэрджэсым къэкІуащ ди къэралышхуэм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм къикІахэр. Спартакиадэм хэт дэтхэнэми хуэдэу, ахэр зыщыщ щІыпІэхэри зи хуэдэ щымыІэщ икІи телъыджэщ. Си фІэщ мэхъу ди хьэщІэхэм зэман яІэну Къэрэшей-Шэрджэсым и щэнхабзэм, щІыпІэ дахэхэмрэ республикэм щыпсэухэмрэ нэхъ гъунэгъуу зрагъэцІыхуну.

Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Росавтодорымрэ быдэу зэпыщІауэ зэдолажьэ. Дэ зэщІыгъуу духуащ лъэмыжхэмрэ гъуэгу километр куэдрэ. Росавтодорым и дэтхэнэ лэжьакІуэри, абы спартакиадэм кърихьэлІахэри яхэту, Урысейм и Президент Путин Владимир «ФІагъ зиІэ гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым ехьэлІа и пщэрылъхэр зыгъэзащІэщ». ФІыщІэшхуэ яхузощІ лэжьакІуэхэм, Іуэхум жэуаплыныгъэ пылъу зэрыбгъэдыхьэм папщІэ», - дыкъыщоджэ КъШР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рашид и телеграм-каналым.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къалэхэр, щІыналъэхэр зыр адрейм къащхьэщызыгъэкІыр, шэч хэмылъу, я щІыуэпсырщ, хъугъуэфІыгъуэхэрщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрыр псом япэу къызэрацІыхур и щхъуантІагъэрщ, ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэрщ.

ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм

● ЗыгъэпсэхупІэ

КЪЭБЭРДЕИПЩЫМ и цІэр зыфІащыжа зыгъэпсэхупІэр къалэдэсхэм я мызакъуэу, хьэщІэхэми я кІуапІэщ. КъэкІыгъэ зэмылІэужьыгъуи 150-м щІигъу зит хадэм и лъэс лъагъуэхэм урикІуэху, гум зегъэпсэху: удз гъэгъахэр, гуэлхэр, гъуазджэм и ІэрыкІхэр, шхапІэхэр, зыплъыхьыпІэ лъагэр - куэдкІэ цІэрыІуэщ Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэ зыгъэпсэхупІэр.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, мы жыг хадэм и тхыдэр XIX лІэщІыгъуэм икухэм къыщыщІедзэ, Налшык дзэ быдапІэм жыг хадэ щыхасэну мурад щащІам. 1865 гъэм пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр зэрыт мэзым и Іыхьэ пщы ХьэтІохъущокъуэм иратауэ щытащ. XX лІэщІыгъуэм ар зэІузэпэщ ящІат: лъэс лъагъуэхэр пхашат, удз гъэгъахэр ягъэтІысат. Жыг хадэ ихьэпІэ нэхъыщхьэр, нобэ тлъагъу колоннэ хужь лъагэхэр, дращІеят 1930 гъэхэм, урыс, совет архитектор Веснин Виктор и проекткІэ.

Жыг хадэм мызэ-мытІэу и фІэщыгъэр яхъуэжащ: Къэбэрдей жыг хадэуи щытащ, Сталиным и цІэр зэрихьэуи къекІуэкІащ. 2007 гъэм зыгъэпсэхупІэм и цІэ дыдэр иратыжащ.

Мэзым зэрыхэщІыхьарщ мы зыгъэпсэхупІэр нэхъ гъэщІэгъуэн зыщІыр, километр зэбгъузэнатІэу 2-м нэблагъэр нэхъ ину уззыгъэлъагъур. Сыт и уасэ абы сыхьэтитІ-щыкІэ къыщыпкІухьыныр, уи щхьэм зигъэпсэхуу, мурадыщІэхэр абдеж щыбухуэу?! Лермонтовым и цІэр зезыхьэ уэрамым къыщыщІэбдзэрэ лъэс лъагъуэ нэхъыщхьэм урикІуэмэ, кІапсэ гъуэгур зыщхьэщыкІ гуэлым уІуощІэ, ухуейрэ - псым кхъуафэжьейкІэ тет! Къыхэдгъэщынщи, а лъэс лъагъуэр километр 1,5-рэ мэхъу, пкІейхэр, бзиихухэр, щхъуэмчжыгхэр и Іуфэхэм Іутщ. Дыгъэ гуащІэм ущахъумэу, жыг щІагъэр щІыІэтыІэщ, я жьауэм зыщыбгъэпщкІу мэхъу, дауи. Апхуэдэ дыдэуи жьауапІэщ лъэс лъагъуэ нэхъыщхьэм къыбгъурыту дэкІуейри.

Ар нэхъ кІыхьщ - километри 2,5-рэ мэхъу. Абы утету укІуэмэ, Курзалымрэ псынэпс къыщрагъахъуэмрэ уІуохьэ.

Лъэс лъагъуэ нэхъыщхьэм и сэмэгурабгъумкІэ иІэ гъуэгу бгъурытщ псыежэхым, абыкІэщ ЗАГС-м и унэмрэ Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъымрэ здэщыІэр. Иджыри зы лъагъуэ дахэ иІэщ мы жыг хадэм - псей щхъуантІэхэр щагъэтІысарщ, Къэбэрдей уэрамым пэгъунэгъущ.

ЦІыху кІуапІэу Налшык къалэм иІэ мы щІыпІэ дахэр ди хьугъуэфІыгъуэ нэхъыщхьэу жыпІэ хъунущ: абы узыІэпешэ, псэкІэ зыщыбогъэпсэху, ущогупсысэ. КъищынэмыщІауи, мыбдеж сыт щыгъуи мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэ куэд гукъинэжу щокІуэкІ, махуэшхуэхэм епхахэри яхэту. Сыт атІэ нобэ дигу къыщІэдгъэкІыжыр мы жыг хадэм и тхыдэр?!

Нэхъ ипэкІэ жыг хадэм щІыпІэ хэха иІащ, цІыхухэр къыщыфэу, я нэгу зыщрагъэужьу. Иджыпсту ар иІэжкъыми, гу лъыботэ адыгэ джэгухэр, нэгъуэщІ къафэхэмкІэ флешмобхэр жыг хадэ ихьэпІэм щащІу. Абы гу лъатэри, щІыналъэ унафэщІхэр иужь ихьащ ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм къэфапІэ къыщызэрагъэпэщыжыну. КъБР-м и Правительствэм и сайтым зэрыщатхымкІэ, абы елэжьынущ «Къалэхэр зэІузэпэщ щІын» программэм ипкъ иткІэ. ЦІыхухэр гуапэу зэхыхьэу, лъэпкъ щэнхабзэр къаІэтыжу зэхэтынымкІэ ар, дауи, сэбэп хъун Іуэхущ. Абдеж асфальт тралъхьэ, уэздыгъэхэр фІадзэнущ, тІысыпІэхэр ягъэувынущ (цІыху 13-15-м нэс зэхэсыфын хуэдэу). Утыку ихьэпІэр ныкъуэхъурейуэ ящІынущ, экран и щІыбагъ къыдэту. Ари нобэрей зэманым декІу Іэмалщ, сыту жыпІэмэ абдеж фильмхэри щагъэлъэгъуэн мурадхэр яІэщ. А Іуэхухэм елэжьын щІадзащ, асфальтыр тралъхьагъэххэщ, уэздыгъэхэр ягъэувыным мы зэманым йолэжь.

НэгъуэщІ лэжьыгъэфІхэри щокІуэкІ ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм – зыгъэпсэхупІэм ищхьэкІэ щыІэ Налшык зоопаркыр къызэрагъэщІэрэщІам гу лъызымыта къэна къыщІэкІынкъым. Мы гъэмахуэм джэду лІэужьыгъуэхэр щаІыгъхэр зыхуей хуагъэзащ, нэхъ хуитхэм ягъэІэпхъуащ. Апхуэдэуи метр зэбгъузэнатІэ 700 къызэщІэзыубыдэ щІыпІэр зэІузэпэщ ящІащ. Зоопаркым и унафэщІым и къуэдзэ ДыщэкІ Мурат зэлэжьахэм я гугъу щищІым жиІащ хьэкІэкхъуэкІэхэр щІымахуэм зыщІэсынухэр жьыри хуабэри зэрыщІэтыпхъэм хуэдэу къызэрызэгъэпэщар, къыщІэкІмэ, жьауапІэу гуэщхэр зэрыхуащІар, зыгъэпскІыпІэхэр, пшахъуалъэхэр, уеблэмэ щхъуантІагъэхэр дэту зэрыщытыр.

Зоопаркым и теплъэр зыхуэдэнум елэжьыр абы и унафэщІращ. Забаков Залым зэрыжиІэмкІэ, япэ илъэсхэм нэгъэсауэ и нэгу къыхущІэгъэхьатэкъым зоопаркым зэрызрагъэужьыфыну щІыкІэр, ауэ иджы Іуэхур кІуэтащи, щогугъ зы илъэсищ-плІыкІэ я мурадхэр и кІэм нагъэсыпэну. «Мыбы сыкъыщыкІуа япэ махуэ дыдэм гу лъыстат сабийхэм зоопаркым къащыщІихьэ мэр зыхамыщІэн щхьэкІэ я джанэхэр я пэм ІуалъхьэҮ. Дауи, ар гурыхьтэкъым. Дэ дыхуейщ ныбжьыщІэ цІыкІухэми балигъхэми зоопаркым нэфІэгуфІэу зыщаплъыхьыну, псэущхьэхэр зэрызрагъэлъагъум и мызакъуэу, зыщагъэпсэхуу, джэгуу, я гукъыдэжыр удз гъэгъа дахэхэм къаІэту гукъинэж ящыхъуну. А псом долэжь, - жеІэ ІуэхущІапІэм и унафэщІым. - Псалъэм папщІэ, дыхущІэкъуащ дунейм и сыт хуэдэ пІалъэми цІыхухэр зэплъын къэкІыгъэхэр зэрыдгъэтІысыным. Хэтсащ пкІей плъыжь, къыпцІей, мыІэрысей, чыпцІэщхьэпэ (черёмуха), магнолие. Ди лъэс лъагъуэщІэм гуащэнабдзэ (розэ) лІэужьыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр щыдгъэтІысащ, Краснодар щІыналъэм, Польшэм къитшахэр яхэту. ЩхъуантІагъэхэм къищынэмыщІа, сабий джэгупІэхэри дгъэхьэзыращ, хъыринэхэмрэ къежэхыпІэхэмрэ мы гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м къызэІутхащ».

ЖытІар къызэщІэткъуэжмэ, мы зыр къыхэдмыгъэщыжынри щыуагъэщ: 2000 гъэхэм и пэм ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэр Урысейм парк щхъуантІэ нэхъыфІ дыдэу къалъытауэ щытащ. Мыбы щыплъагъунущ дунейм и сыт хуэдэ щІы кІапи къраша къэкІыгъэхэр: япон хьэиуэ жыпІэми, амур мэжджытжыг хъуми, канадэм къраша бундукхэрами, пасэрей жыгыжьхэрами. БлэкІа лІэщІыгъуэм быдапІэ теплъэ иІэу яухуауэ щыта чэщанэм гуэлхэм, бгыхэм, зыгъэпсэхупІэхэм ухагъаплъэу, жыг хадэм ит тхылъ дэлъхьэпІэм узыщрихьэлІэ къыдэкІыгъуэхэм уи къэухьыр хагъахъуэу, нэхъ щІыпІэ дахэ улъыхъуэн?!

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ирагъэджэнухэр къыхах

● Дызэкъуэту

Дзэ Iуэху хэхам хэтахэр мамыр псэукIэм хэгъэзэгъэжынымрэ абыхэм ядэIэпыкъунымрэ хуэгъэзауэ къыхалъхьа «Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыхъужьхэр» программэмкIэ зызыщIагъэкъуэнухэр къыхахын яухащ. Мы гъэм абы цIыху 54-рэ хагъэхьащ: 31-м еджэн щIадзэнущ, нэхъ иужьыIуэкIэ иджыри 23-рэ а Iуэхум иужь ихьэнущ (СВО-м къикIыжа нэужь).

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМ сыхьэт 500-м щIигъу къызэщIеубыдэ, икIи абы хэтхэм Iэмал ягъуэтынущ къэрал, муниципальнэ IэнатIэхэм щылэжьэну. Абы хеубыдэ илъэс 23-м къыщыщIэдзауэ 56-м нэс зи ныбжьхэр. Къызэрыхагъэщымкiэ, цIыху 48-м щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэщ, адрейхэм - курыт щIэныгъэ. Программэм хэтхэм я нэхъыбэм зэман зэхуэмыдэхэм Урысейм и Президентым и унафэкIэ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ. Псалъэм папщIэ, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым, Георгий Щихъым и орденым - Георгий жорым и VI нагъыщэм, ЛIыхъужьыгъэ орденым я медалхэр, Жуковым, Суворовым я цIэкIэ щыIэхэр, «Хахуагъэм папщIэ», «И лIыгъэм папщIэ» (етIуанэ нагъыщэ), «ХэкIуадэхэр къызэригъэлам папщIэ» медалхэр, нэгъуэщIхэри яIэщ.

«Эльбрус» университет зэгуэтым и унафэщI Айбазовэ Тамарэ къыхегъэщ зи унэ къэзыгъэзэжа ветеранхэр мамыр псэукIэм хэшэжынымкIэ Iуэхугъуэ псори къызэгъэпэщыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Абы и лъэныкъуэкIэ программэр хуэщхьэпэнущ зауэлI-хэм я зэфIэкIымрэ я IэщIагъэмрэ зауэ губгъуэм щимызакъуэу, мамыр гъащIэми къыщагъэсэбэпыным.

Егъэджэныгъэр зытеухуар къэрал, муниципальнэ Iуэхухэр зэрызэрахьэм хуэгъэхьэзырынырщ. Ар къауха нэужь, еджахэм диплом Iэрагъэхьэжынущ. Мы зэманым РАНХиГС Президент академием щIыгъуу йолэжь егъэджэныгъэм урысей къэралыгъуэм и тхыдэмкIэ дерсхэр зэрыхагъэхьэнми.

КъызэрагъэлъагъуэмкIэ, гулъытэ хэха хуащIынущ гуп зэдэлэжьэныгъэмрэ терроризмэм зэрыпэщIэт Iуэхухэмрэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыхъужьхэр» Iуэхур «ЛIыхъужьхэм я зэман» федеральнэ программэм ещхьщ. Егъэджэныгъэм ипкъ иткIэ къэрал лэжьакIуэхэр, IэщIагъэлI пажэхэр кърагъэблэгъэнущ, нобэрей зэманым декIу гупсысэ щхьэпэхэр кърагъэIэтынущ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Дэтхэнэми хэплъэнущ

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, полицэм и генерал-майор Васильев Сергей я щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIахэм яхуэзащ.

АБЫХЭМ я упщIэхэр нэхъыбэу теухуат щIыналъэ управленэм и IэнатIэхэм къулыкъу щыщIэным, апхуэдэуи социальнэ шэсыпIэхэр зэрыпхагъэкIым.

ЗэIущIэм кърикIуахэмкIэ IэнатIэхэм я унафэщIхэм къалэн ящищIащ зызэрыкъыхуагъэза дэтхэнэми зэпкърыхауэ хэплъэну.

БАХЪСЭН Ланэ.

ЩIэныгъэ журналым и къыдэкIыгъуэщIэ

● ЩIДАА

ДОКЛАДЫ

2025. ТОМ 25. №2

ADYGHE

2025. VOL. 25. №2

13+

Дунейм къытехьащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и журналым и зи чэзу къыдэкIыгъуэр.

МАТЕМАТИКЭМ зызыхъуэжу хэт пкъыгъуитIым къытригъэзэжу яIэ щытыкIэхэр зэрыувэнкIэ хъуну сэфэтхэм тетхыхьащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, абхъаз щIэныгъэлI Ласурие Роберт.

Физикэ къудамэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ нанотехнологиемрэ электрон техникэмкIэ, технологиемкIэ профессор Бэвыжь Мухьэмэдрэ Бэвыжь Зауррэ. Ахэр тетхыхьащ хьэуар зылъамыгъэIэс микроэлектроникэ пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр къызэрагупсысымрэ зэрызэхагъэувэмрэ.

Химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор Къущхьэ Хьэсбий щIэныгъэлI гуп щIыгъуу елэжьащ хлорид гъущIмывэм неодимымрэ борымрэ я мэскъалхэр электрокъарукIэ къызэрызэдыхахыжым. Иджыри зы лэжьыгъэшхуэ мы унэтIыныгъэмкIэ къагъэлъэгъуащ Мэрзей А., Къэзанш Л., Къумыщ Ю. сымэ. Химие пкъыгъуэхэр къагъэсэбэпурэ псы фIейр зэрагъэкъабзэ щIыкIэм топсэлъыхь ахэр.

ЩIыуэпс къудамэмкIэ тхыгъэ купщIафIэ ягъэхьэзыращ бгылъэ щIыпIэхэм я экологиемкIэ институтым и лэжьакIуэхэу ЕмкIуж Маритэрэ Бэрсэдж Зоерэ. Кавказ Ищхъэрэ бгы лъапэхэм щыпсэу мэз дзыгъуэ цIыкIур (Apodemus uralensis Pallas) уз зэрыщIалэхэм зэрапэщIэтыр и лъым къызэригъэлъагъуэм елэжьащ ахэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэцэпэцэхэр щIыналъэм зэрыщыбагъуэр удз гъэгъуахэм ятещIыхьауэ къэзыгъэлъагъуэ къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкIащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, бгылъэ щIыпIэхэм я экологиемкIэ институтым и лэжьакIуэ Чадаевэ Викториерэ а институтым и лэжьакIуэ Цепковэ Неллирэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым бажэм зэрызыщиубгъуамрэ и бжыгъэмрэ къихутащ икIи абы теухуауэ тхыгъэшхуэ игъэхьэзыращ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и щIэныгъэлI секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий.

КъищынэмыщIауэ, журналым и зи чэзу къыдэкIыгъуэм ихуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Щхьэгъэпсо Сэфарбий и Iэдакъэ къыщIэкIа «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ яхъумэхэм ит Iэгъэбэгухэмрэ къэкIыгъэхэмрэ» тхылъым теухуауэ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, бгылъэ щIыпIэхэм я экологиемкIэ институтым и лэжьакIуэ Чадаевэ Викторие игъэхьэзыра тхыгъэр.

Ботаник-ресурсовед, Хэкум и хъумакIуэ, профессор Алексеев Борис и гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ тетхыхьащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и щIэныгъэлI секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий.

ЩIэныгъэм игъуэта хэщIыныгъэхэм щытепсэлъыхь Iыхьэм и тхыгъэ кIуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Понэж Аскэр. Абы игъэхьэзыращ ЩIДАА-м и академик Мекъул ДжэбрэIил Хьэжбырам и къуэм и фэеплъ тхыгъэ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Пшыхьхэр

СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ: **Гъэунэ Анзор, Инжыжокъуэ Сэфарбий, Блий Iэюб, АфIэунэ Аслъэн, Хьэсанэ Ислъам, Волович Данил сымэ**.

Iэюбрэ и анэ Ингэрэ.

ИIэнущ дяпэкIи лъапIэныгъэ

Дуней псом щыцIэрыIуэ спортсмен, зэпымыууэ ехъулIэныгъэфIхэр къэзыгъэлъагъуэ, ди къэралым и пщIэр утыку куэдым щызыIэта, мызэ-мытIэу япэ увыпIэхэр къэзыхьа дзюдоист лъэрызехьэ (килограмм 60 хъухэм я деж) Блий Iэюб Зубер и къуэр щалъхуа щIыпIэм - Лэскэн районым хыхьэ Урыху къуажэм - щагъэлъэпIащ.

ЩЭНХАБЗЭМКIЭ унэм къыщаIэта Iуэху дахэм зыкърагъэхьэлIат Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам, Лэскэн район администрацэм и Iэтащхьэ Инжыжокъуэ Сэфарбий, Iэюб и япэ тренер Гъэунэ Анзор, иджыпсту Санкт-Петербург къалэм щызыгъасэ Волович Данил, Урысейм дзюдомкIэ и федерацэм и унафэщIым и къуэдзэ, Олимп джэгухэм дыжьын, домбеякъ медалхэр къыщцызыхьа, Европэм и чемпион блэнейрэ хъуа, спортым щIыхь зиIэ и мастер Тменов Тамерлан, Олимп чемпион, Европэм плIэнейрэ и чемпион хъуа, дунейпсо чемпионатым етIуанэ увыпIэр къыщызыхьа Мудрэн Беслъэн, Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхахэм хэт, Урысейм и ЛIыхъужь Гъуо Альберт сымэ, Iэюб и ныбжьэгъухэмрэ и благъэхэмрэ, къуажэдэсхэр.

ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIа, Лэскэн район администрацэм щэнхабзэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмкIэ, Iуэхущ IапIэм зыкъыхуэзыгъазэ цIыхухэм ядэлэжьэнымкIэ и къудамэм и унафэщI Насып Люсенэ хьэщIэхэр къызэхуэсахэм яригъэцIыхуа нэужь, псори Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Лэскэн районым я гимнхэм щыту едэIуащ. Абы иужькIэ кIэщIу къытеувыIащ Iэюб и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ.

ЩIэджыкIакIуэхэми фигу къэдгъэкIыжынщи, Блийр кадетхэм я деж Урысейм и чемпион, ныбжьыщIэхэм я къэралпсо зэхьэзэхуэм пашэ щыхъуауэ щытащ, дыжьын, домбеякъ медалхэр куэдрэ къихьащ. 2024 гъэм Iэюб УФ-м и чемпион Сочэ щыхъуащ, мы гъэм и мэлыжьыхь мазэм Европэм и чемпионат Подгорицэ щекIуэкIам етIуанэ увыпIэр щиубыдащ, мэкъуауэгъуэ мазэм Венгрием и къалащхьэ Будапешт щызэхэта дунейпсо чемпионатым ещанэ щыхъуащ. «Тажышхуэр» къэхьыным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкI дунейпсо зэхьэзэхуэм тIэу щытекIуащ, етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр щэ къыщихьащ.

Ди спортсмен цIэрыIуэм и зэфIэкIыр спорт IэнатIэм и деж и закъуэкъым къыщалъытар, къэралым и унафэщIхэм я гулъыти къылъысащ абы. Дзюдор Урысей Федерацэм зэрыщиIэтым, жылагъуэ лэжьыгъэ жыджэру зэрыригъэкIуэкIым папщIэ, 2024 гъэм Iэюб къыхуагъэфэщащ УФ-м и Президентым и ЩIыхь тхылъыр.

Iэюб зэрызигъасэр, къыхужаIахэр, езым и гупсысэхэр, и мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ я лъабжьэу ягъэхьэзыра документальнэ фильм кIэщIым къызэхуэсахэр яфIэгъэщIэгъуэну еплъащ. Спортсменым и зэфIэкIым кIэлъымыплъ, абы и ехъулIэныгъэхэм иримыгушхуэ къыщыгъуэтыгъуейщ ар къыщалъхуа Урыху къуажэм. Абыхэм я Iэгуауэмрэ я нэгум къищ гуапагъэмрэ иджыри зэ къигъэлъагъуэрт ар.

ЗэIущIэм и утыкур япэу хуит хуащIащ Хьэсанэ Ислъам.

- Зи Iэзагъэр дуней псом хэIущIыIу щызыщIа спортсменыр щагъэлъапIэ мы пшыхьым сызэрыхэтыр си дежкIэ пщIэщ, - жиIащ министрым. - Ухуейуэ щытмэ, пхузэфIэмыкIын зэрыщымыIэр и зэфIэкIымкIэ къэзыгъэлъагъуэ Iэюб дяпэкIи спортым щехъулIэну, дигъэгуфIэну си гуапэщ.

КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъхэр Хьэсанэм яритащ Блий Iэюб, абы и гъэсакIуэхэу Гъэунэ Анзоррэ Волович Данилрэ.

- Ди районым къыбгъэдэкIыу фIэхъус фызох къэрал псом и Iуэху дахэу жыпIэкIэ ущымыуэну мы зэIущIэм кърихьэлIа дэтхэнэ зыми. Iэюб хузэфIэкIащ ди цIыхухэр игъэгушхуэну, псоми я щхьэр лъагэу яригъэлъагъужыну. ФIыгъуэу щыIэр уэри, уи адэанэми, укъызыхэкIа лъэпкъми къыфхуищIэну си гуапэщ. ТекIуэныгъэ IэджэкIэ иджыри дыпщогугъ, Iэюб, - жиIащ Инжыжокъуэ Сэфарбий.

АдэкIи пшыхьым къыщыпсэлъахэм къыхагъэщащ олимп чемпион хъуну узыщызыгъэгугъ спортсмен лъэщу Блийр зэрыщытыр, и унагъуэкIи, и лъэпкъкIи щIалэгъуалэм щапхъэ ар зэрахуэхъур, фIыуэ къэзылъагъу, и гуащIэм кIэлъыплъ цIыхухэр зэригъэгушхуэм и уасэу яхузэфIэкIкIэ зыщIагъэкъуэну сытым дежи зэрыхьэзырыр.

Блий лъэпкъым къыбгъэдэкIыу зэIущIэм къыщыпсэлъащ Артур. Абы фIыщIэ яхуищIащ къызэхуэса псоми, лъапIэныгъэр яIэу, зэрыгушхуэнрэ зэрылъагэнрэ щымыщIэу псэунхэу хъуэхъуащ. Езы Iэюб псалъэ щратам жиIащ и ехъулIэныгъэхэр и закъуэ зэримейр, ар фIыуэ къэзылъагъу псоми, къэралми зэразэдайр. И зэфIэкIым кIэлъыплъ, езым и лъапIэныгъэу ар къэзылъытэ дэтхэнэри и унагъуэкIэ, и щхьэкIэ узыншагъэ, гукъыдэж щымыщIэну зэригуапэр къыхигъэщащ. Щхьэхуэу фIыщIэ яхуищIащ и гъэсакIуэхэм, и анэм, и адэ къуэшым, и анэ дэлъхухэм.

Пщыхьэщхьэр уэрэдкIэ, къафэкIэ, пшыналъэкIэ ягъэдэхащ Лэскэн районым и къэфакIуэ гупым, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист ЦокIыл Азэмэт, пшынауэ Iэзэ Жыгун Эдуард, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Насып Астемыр сымэ.

Пшыхьыр къызэрагъэпэщыну гукъыдэж зыщIа урыху щIалэхэм зыри яхузэфIэкIыну къыщIэкIынтэкъым, спортымкIэ министру илъэс куэдкIэ щыта АфIэунэ Аслъэн мыхъуамэ. Ар пашэ яхуэхъущ, чэнджэщкIи, мылъкукIи, псалъэкIи закъыщIигъакъуэщ, СпортымкIэ министерствэр, Лэскэн район, Урыху къуажэ администрацэхэр къакъуэувэри, нэхъыфI дыдэ зэрыхъунум хуэдэу Iуэхур яIэтащ, зэIущIэм кърихьэлIа дэтхэнэми ар илъэгъуащ. Iэюбрэ и гъэсакIуитIымрэ ахъшэ саугъэтхэмкIэ ягъэлъэпIащ, иужькIэ къуажэм дэт шхапIэ дахэм хьэщIэхэм пщIэ щыхуащIащ. МащIи куэди Iуэхум хэлIыфIыхьа, зи псалъэ, зи мылъку, зи акъылрэ къарурэ хэзылъхьа дэтхэнэми псапэ щIауэ Тхьэм къаритыж!

Тхыгъэри сурэтри **ИСТЭПАН Залинэ** *ейщ.*

● УФСБ-м къет

Ахъшэкlэ защIигъакъуэрт

Терроризмэм пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу, Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къызэпаудащ терроризмэм ахъшэкIэ зыщIэзыгъакъуэ, илъэс 43-рэ зи ныбжь налшыкдэсым зэрихьэ хабзэншагъэр.

ШЭЧ зыхуащIым террорист гупхэм хэтхэу, Урысей Федерацэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм защызыгъэпщкIуэу хамэ къэралхэм щыIэхэм яхуиутIыпщащ псори зэхэту сом мини 175-рэ.

КъБР-м щыIэ УФСБ-м и Следственнэ IэнатIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 205.1 статьям и 1.1 Iыхьэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэр зылэжьар илъэс 15-м нэскIэ ягъэтIыс.

ПцIым фIым ухуишэркъым

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэмрэ, МВД-мрэ я лэжьакIуэхэм къызэпаудащ илъэс 46-рэ зи ныбжь, Налшык къалэм щыпсэу Батыр А. Г. зэрихьэ хабзэншагъэр.

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, абы Росреестрым и управленэу КъБР-м щыIэм дэфтэр нэпцIхэр щIилъхьащ Налшык къэгъэщIылIа щIы Iыхьэу тху езым ейуэ иригъэтхын папщIэ.

КъБР-м и Налшык къалэ судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ, Батыр А.Г. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм, 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм япкъ иткIэ. ЯмыгъэтIысу абы илъэситI тралъхьащ.

Iэмалхэм я нэхъ пажэ

Дуней абрагъуэу дызыщыщ «Вселеннэр» арами, нэрымылъагъу пэтми, я инагъкIэ абы хуагъадэ адрейхэр арами, дэтхэнэми я зы кIапэ уикIыу нэхъ пэIэщIэм унэсыным ихьыну зэманыр уззэрыщымыгугъауэ цIыкIу дыдэ щIынымкIэ зыщыгугъ Iэмалхэм я нэхъ пажэу иджырей астрофизикхэм къабжар «щIыIуб нэфым и гъуэ» е «хьэмбылу зэпрыпщыпIэ» («кротовая нора», «червоточина») зыфIаща къэщIыгъэ телъыджэрщ.

Мащэ хужьу «алъпыш» кIуапIэ

ТЕОРИЕМ хуэIэижь физикхэр апхуэдэ зэпрыкIыпIэм «мащэ хужькIи» («белая дыра») йоджэ, и ихьэпIэр «мащэ кIыфIым» («чёрная дыра») ейм хуагъадэми, адрей и лъэныкъуэр укъызэрыкIыжыфын гуэру зэрыщытым къыхэкIыу.

КъэкIуэну жыжьэм куэду «теусыхь» тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэми мычэму дащрохьэлIэ «щIыIуб нэфым и гъуэм» теухуа хъыбархэм. И щхьэусыгъуэу къэтлъытэри хьэршым дызыщрихьэлIэнкIэ хъуну а къэщIыгъэр, ипэжыпIэкIэ къагъэIурыщIа иужькIэ, хэкIыпIэфI куэдым я джэлэсу къыщIэкIынкIэ зэрыхъунурщ.

ИпэжыпIэкIи уегупсысмэ, ар IэмалыфIщ хьэршырыкIуэ кхъухьлъатэхэр, зы цIыху гъащIэм кърихубыдэу, нэгъуэщI вагъуэ зэрыбынхэм (галактикэхэм) къыщыхутэнымкIи къинэмыщI дунейхэм (вселеннэхэм) ялъэгъэIэсынымкIи. Езы щIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIи, «хьэмбылу зэпрыпщыпIэм» дыкъэзыухъуреихь къэухъу кIэи пэи зимыIэм и зы дэтхэнэ къуэгъэнапIи псынщIэ дыдэу (нэхум зэрызидз хуабжьагъэм ефIэкIыжу) укъыщигъэхутэфынущ.

Хьэмбылу зэпрыпщыпIэу гъуэгум и «пкIэлъей»

КЪЫЗЭРЕДГЪЭЖЬАМКIЭ къедгъэзэкIыжынщи, уахэр (хьэршыр) зэлъэщIэгъэхьэнымкIэ мы зэманым лъэпощхьэпо нэхъ ин дыдэу къэувыр абы иIэ абрагъуагъэу кIэи пэи зыдамылъагъурщ.

Псалъэм папщIэ, ди Дыгъэм къегъэщIылIа уафэщIхэм (вагъуэ лэкъумхэм) ящыщу нэхъ жыжьэ дыдэу тпыIукIуэта Плутон и Iэшэлъашэм цIыху зэрымыс хьэршрыкIуэ кхъухьлъатэ цIыкIуу «Новые горизонты» зыфIащар нэсыным илъэси 9,5-рэ текIуэдащ. Абы щыгъуи, а планетэр зэрытпэIэщIэр, и пIэ имыту зигъэхъей-сытми, ику иту, километр меларди 6-м нэблагъэщ.

АтIэми, дыщыпсэу ЩIыр зэкIэрэхъуэкI Дыгъэмрэ абы ирагъэщхьэм ящыщу нэхъ къытпэгъунэгъу Альфэ Центаврэ вагъуэмрэ я зэхуаку дэлъыр километр триллион 42-м нэблагъэщи, къызыщывгъэхъут зи гугъу тщIа хьэршрыкIуэ кхъухьлъатэм хуэдэм а гъуэгуанэр къызэнэкIыным иригъэхьыну зэманыр зыхуэдизыр (илъэс мелуан 1,1-м щIигъунущ).

Ауэ щыхъукIи, уахэ щIэншэр хуэшэмэджыпэрэ псынщIэрыкIуэу зэпозыгъэупщIыфын Iэмал къэгъуэтыным, иужькIи ар къэгъэIурыщIэным мыхьэнэ ин дыдэ зэриIэми шэч къытехьэгъуейщ.

Я къэхутэкIэри гъэщIэгъуэнщ

ТХЫДЭ мыжыжьэм къызэрыхэщыжымкIэ, зыми емыщхь а зэпрыкIыпIэр (мащэ хужьри мащэ кIыфIри) щыIэнкIэ зэрыхъунум япэу зи гупсысэ хуэкIуар физикэм и къудамэ гъуэзэджэу «Теорие относительности» зыфIащар дунейм къытезыгъэхьа Эйнштейн Альбертрэ зэман гуэркIэ абы дэлэжьа Розен Натанрэщ.

Къахутам теухуауэ а тIум 1935 гъэм щIэныгъэлIхэм хъыбар ирагъэщIат, дыкъэзыухъуреихь къэухъу кIэи пэи зимыIэмрэ абы зэманыр, хуэмми псынщIэми, зэрыщекIуэкIымрэ дащхьэпрызышыфын «лъэмыж» гъуэзэджэу «щIыIуб нэфым и гъуэ» зыфIащар къыщIэкIынкIэ зэрыхъунум хуэгъэзауэ.

Физикэ щIэныгъэм зэригъэбелджылащи, уахэ щIэншэр зи «лъахэ» сыт хуэдэ къэщIыгъэми адрейр зэрызыщIишэ къару телъыджэщ Ньютон Исаак «гравитацие» псалъэр зыфIищу хигъэунэхукIауэ щытыгъар. АтIэ, а «зэбгъэдэшэкIэм» къигъэщI зэхуэкIыныгъэ гъуэзэджэщ дыкъэзыухъуреихь къэухъыр, Iушэ-нашэ ищIу, зэрыхиш-зэрыриIуэнтIэкIри, дызэса зэманри, алъандэрэ зэрыщызэкIэлъыхьам хуэмыдэу, кIэщIыщэ зэрищIри.

Гравитацием апхуэдэ хабзэ къызэрыдекIуэкIым Iэмал имыIэу кърикIуэнкIэ хъунухэм ящыщщ (астрофизикхэм къызэралъытэмкIэ) мы тхыгъэм зи гугъу щытщI «Эйнштейнрэ Розенрэ я лъэмыжу» «щIыIуб нэфым и гъуэ» зыфIащар къэунэхунри.

ИкIи, щIэныгъэлIхэм зэрытрагъэчыныхьымкIэ, IэмалыщIэу къахутар къэзыгъэсэбэпхэм гъуэгуанэ нэхъ кIэщI дыдэр къыхахыфынущ, зэманымрэ ар щызэкIэлъыхьа пространствэмрэ щыхагъэунэхукI щIыпIитIыр псынщIэу зэлъэгъэIэсынымкIэ.

Сыт, атIэ, дызыхуэчэму къалъытэр «хьэмбылу зэпрыпщыпIэр» джыным щIэмычэу яужь ит щIэныгъэлIхэм?

Псом япэрауэ, абы и инагъыр зыхуэдизыр къазэрыхуэмыщIэрщ. ЕтIуанэрауэ, абыхэм цIыху зэрыс хьэршрыкIуэ кхъухьлъатэ ибутIыпщхьэн дэнэ къэна, къызэрымыкIуэ хьэпшып цIыкIу нэгъунэ гъунэгъу хуэбгъэхъунри дзыхьщIыгъуэджэ дыдэщ, къыщекIуэкIыр нобэкIэ дахэ-дахэу зэрахузэхэмыгъэкIым къыхэкIыу...

Галактикэхэм - псынщIэ дыдэу

АСТРОФИЗИКХЭМ мы зэманым зэрытрагъэчыныхьымкIэ, вагъуэ курытым къишэчым хуэдиз зи хьэлъагъ мащэ кIыфI мелуан бжыгъэхэр итщ дызыхиубыдэ Шыхулъагъуэ галактикэм. Ахэращ «щIыIуб нэфым и гъуэ» жыхуаIэм хуэдэ хъункIэ хъунухэри, язынык ъуэхэр зэрытпэжыжьэ щымыIэу (дауи, астроном пщалъэхэм етлъытмэ).

2024 гъэм и щIышылэм, «хьэмбылу зэпрыпщыпIэхэм» лъыхъуэу, США-м АстрофизикэмкIэ и Гарвард-Смитсон центрымрэ Германием Планк Макс и цIэр зэрихьэу астрономиемкIэ щыIэ институтымрэ щылажьэхэм хъыбар зэрызэбграгъэхам тетщIыхьмэ, абыхэм япэ дыдэу ди галактикэм гу щылъатащ мащэ кIыфIхэм ящыщу нэхъ тпэгъунэгъу дыдэр «щIыIуб нэфым и гъуэм» зэрещхьым.

КъэщIыгъэ телъыджэр зэрытпэIэщIэр илъэс 1566-м кърихубыдэр нэхум зэрызидз гъуэгуанэкIэщ. Хьэлэмэтыр аращи, «Gaia BHI» зыфIаща а мащэ кIыфIым и хъуреягъкIэ ди Дыгъэм ещхь вагъуэм къыщелъэтыхь. Езыр а вагъуэм нэхърэ 10-кIэ нэхъ ин къудейщ!

Дарэ зэхуэхъуа апхуэдэхэм зэрахабзэу, мащэ кIыфIым адрейм и Iыхьэ гуэрхэр, нурыбэр къакIэригъэщэщу, къыкIэрелыпщIыкI, езыми а зэманым рентген малъхъэдис пкъыгъуэжьейхэр къызыхеутIыпщыкI. Ауэ, мыбдежым къыщалъэгъуар нэгъуэщIщ: вагъуэм зыри фIэмыкIуэдрэ езы мащэ кIыфIри «фыщIэхэм» ящымыщу къызэрыщIэкIарщ. Апхуэдэм астрономхэр зэреджэр «тежеикIа мащэ кIыфIщ». Ди Шыхулъагъуэм абы ещхь къыщалъагъур иджы япэущ.

Gaia BHI мащэ кIыфIыр ипэжыпIэкIи зэрыщыIэр астрономхэм нэхъри я фIэщ хъуащ ди планетэм и щIыпIэ куэдым тегуэша Gemini телескопхэм къагъэлъагъуэхэми щыгъуазэ зыхуащIа иужькIэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Дунейм щыхъыбархэр

Германием къоIэпхъукIыж

«Урысейм ущыпсэуну тыншу, шынагъуэншэу зэрыщытым къыхэкIыу, апхуэдэуи экономикэ зэпIэзэрыт зэрыщыIэр я щхьэусыгъуэу нэмыцэ куэд къоIэпхъуэ», - жиIащ «Bavaria-Bau» ухуакIуэ IуэхущIапIэм и унафэщI Эбергардт Вальдемар.

АБЫ и псалъэхэм къызэрыхэщымкIэ, Германием ебгъапщэмэ, нэмыцэхэм Урысейм гъащIэ зэIузэпщ щрахьэкIыну Iэмал нэхъыбэ щаIэщ. «Унэ дэгъуэхэр уиIэу, хамэ къэралыбзэ зыбжанэ щрагъэдж школ нэхъыфIхэм уи сабийр щебгъаджэу ФРГ-м ущыпсэуным икъукIэ мылъкушхуэ токIуадэ. Урысейм шынагъуэншэу узэрыщыпсэу къудейр куэд и уасэщ. Псалъэм папщIэ, Германием и Рурскэ областым пщыхьэщхьэм хуиту уэрамым укъыдыхьэфынукъым. Мыбы щIэхщIэхыурэ ущрохьэлIэ къэралым къэкIуахэмрэ полицэмрэ я зэпыщIэуэныгъэхэм», - жриIащ РИА хъыбарегъащIэ агентствэм и журналистым Эбергардт Вальдемар.

2024 гъэм ди хэкуэгъухэр Урысейм къэIэпхъуэжыным теухуа къэрал программэмкIэ ныбжьэгъугъэ зыхудимыIэж щIыналъэхэм къикIыжащ цIыху 1700-рэ. Къапщтэмэ, къэралым къызэрыкIуэжыным теухуа лъэIу нэхъыбэ къыздикIар Германиерщ - апхуэдэ жэрдэм яIэт цIыху 700-м.

Турист налог

Хамэ къэралхэм зыгъэпсэхуакIуэ кIуэхэм налог ятын хуейуэ къыщыхалъхьащ УФ-м и Къэрал Думэм. ТуризмэмкIэ, турист инфраструктурэм зегъэужьынымкIэ и комитетым и унафэщI Тарбаев Сангаджи «Абзац» къыдэкIыгъуэм зэрыжриIамкIэ, а Iуэху бгъэдыхьэкIэр Урысейм турист IэнатIэм зыщегъэужьынымкIэ хэкIыпIэ хъарзынэ хъунущ.

«АПХУЭДЭ хабзэр къэтщтэн ипэ, къэралым и экономикэм абы къыхуихьыну фейдэр зэпэлъытын хуейщ. Къапщтэмэ, а мылъкур щIыналъэ туризмэм тебгъэкIуэдэныр лейуэ къэслъытэркъым», - жиIащ абы.

Тарбаевым къызэригъэлъагъуэмкIэ, 2024 гъэм ди туристхэм хамэ къэралхэм щагъэкIуэдащ сом мелард 700. Апхуэдэ зекIуэхэм ежьэхэм сом 200 - 300 ятмэ, ар сом меларди 5 - 7 хъунущ. «Мыбдеж къыщылъытапхъэщ налогыр цIыху къызэрыгуэкIхэм яхуэгъэзауэ мыхъуу, туроператорхэм папщIэ къыхэлъхьапхъэу», - къыхигъэщащ депутатым.

Бадзэуэгъуэм и 22, *гъубж*

♦**Щхьэ куцIым и дунейпсо махуэщ**
♦**Боксым и дунейпсо махуэщ**
♦**1945 гъэм** КъАССР-м и щакIуэ хозяйствэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1914 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **КIыщокъуэ Алим**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 22-рэ щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5-кIэ зихъуэжынущ.

Бадзэуэгъуэм и 23, *бэрэжьей*

♦**Джейхэмрэ хыкхъуэхэмрэ я дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и сату IэнатIэм и лэжьакIуэм и махуэщ**
♦**Абхъаз Республикэм и Къэрал ныпым и махуэщ**
♦**1923 гъэм** къалъхуащ совет дзэ къулыкъущIэ, генерал-майор, тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Нэхущ Мырзэбэч (Борис)**.
♦**1944 гъэм** къалъхуащ «Кабардинка» къэрал ансамблым и къэфакIуэу щыта, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **ДзыхьмыщI Къэрэлбий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 32 - 33-рэ, жэщым градус 22 - 23-рэ щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5-кIэ зихъуэжынущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Бгым ущыхунумэ, шхийми уегъэлъэпэрапэ.

Щхьэщытхъужыныгъэм зыщадзей

● КъытхужаIахэр

Урыс тхыдэтх, академик, генерал-лейтенант Дубровин Николай адыгэхэм яхужиIа псалъэхэр куэд щIауэ IуэрыIуатэ хъужауэ кърахьэкI. Ауэ гу лъывэдгъэтэнут мы псалъэ шэрыуэхэр къызыбгъэдэкIыр ди лъэпкъым и ныбжьэгъуу зэрыщымытар, езы Дубровинми мыбдежым адыгэхэм иращIэр зэрахуэфащэм щыхьэт техъуэн гупсысэхэр зэрыщызэригъэзахуэр. ЖызыIар къэгъэнауи, ди япэ итахэр зэрыщытам дыхуеплъэкIыжыну зэи зэранкъым. Дубровиным «Шэрджэс (адыгэ) хьэл» зыфIища и тхыгъэм къытедгъазэурэ дыщIриплъэжыр аращ.

«Я ФIЭЩХЪУНЫГЪЭР зэрытIасхъэмрэ шынагъуэр къащхьэщыт зэпыту я гъащIэр зэрахьымрэ адыгэ хьэлым зэпэщIэуэ щэн гъэщIэгъуэнхэр къригъэщтащ. УнафэщI хэха зыщхьэщымыт лъэпкъым щыщ дэтхэнэ нэрыбгэри и щхьэмрэ жылагъуэмрэ елIалIэу, пщIэ зиIэ цIыхухэм якIэлъыкIуэу, и Iуэху дигъэкIын папщIэ псалъэм и къарур къигъэщхьэпэущ зэрыпсэур. Апхуэдэ зэхэтыкIэм уи гур илъу, уи гупсысэр жану щегъэт, зэпыу имыIэу Iэпкълъэпкъыр зэрызыгъэкI лэжьыгъэхэм пкъыр бжьыфIэ, лантIэ, къарууфIэ ящI. Адыгэхэм губзыгъагъэрэ дахагъкIэ Тхьэр къахуэупсащ, ауэ псэм и къарур абыхэм зэрыщыту бийм зэраныгъэ ещIылIэнымрэ зэуэнымрэ трагъэкIуадэ. Хэкум къытеуа зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэту яукIа е уIэгъэ хъуа цIыху зэрымыс унагъуэм шэрджэсхэм пщIэ хуащIыркъым.

Хахуагъыр зи лъым хэт, зэрысабийрэ шынагъуэм пэщIэту еса адыгэхэм егъэлеяуэ я щхьэ щытхъужыным зыщадзей. Зауэм хэту зэрихьа лIыгъэм шэрджэсыр зэи тепсэлъыхьыркъым. ЕмыкIуу къелъытэри, и ехъулIэныгъэхэр зэи игъэIуркъым. Нэхъ хъыжьэ дыдэхэр егъэлеяуэ нэмысыфIэщ: хуэму мэпсалъэ, я лIыгъэмкIэ загъэщIагъуэркъым, тэджу хэти ягъэтIысыну хьэзырхэщ, къедауэм пэпсэлъэжхэркъым. Ауэ нэрылъагъуу я пщIэр зыгъэпудым зыуи замыщIу, къэмыгубжьу, мыкIий-мыгуоууэ, напIэзыпIэм IэщэкIэ зрагъэщIыхуж.

ЦIыхушхуэхэм я ехъулIэныгъэхэр адыгэхэм щагъэлъапIэ хабзэр ахэр дунейм ехыжа нэужькIэщ. Ауэ жаIэж пасэ зэманым псэуа лIыхъужь Бгъэжьнокъуэ Бэчыр жыхуаIэм апхуэдэпщIэ псэууэ къылъысауэ. Абы и ныбжьыр фIыуэ хэкIуэтат и къуэхэм джэгуакIуэхэр къраджэу я адэм и гъащIэм теухуа уэрэд щрагъэусам. Дадэм ар къыщищIам, уэрэдыр зэхалъхьакIэт. Арати, и къуэхэмрэ джэгуакIуэмрэ къриджэри, ирагъэдэIуэну лъэIуащ. Езым лIыгъэкIэ къыпеуэу щыта нэрыбгэ гуэр зыгъэпуд псалъэ уэрэдым хэту щызэхихым, а псалъэхэр хригъэдзыжауэ щытащ. Нэмысрат пасэ зэманым адыгэхэм зы цIыхур адрейм ефIэкIыу къащызыгъэхъур.

Сытри и гум хыхьэу зэрыщытым къыхэкIыу, адыгэр псынщIэу щIэм дехьэх, ауэ апхуэдэ дыдэу псынщIэуи зыкъещIэж. И лъэпкъэгъухэм гуапэу ядокIуэкI, нэхъыжьхэм пщIэ яхуещI, игу имылъ жиIэркъым, зэгупсысыр къехьэкI-нехьэкI хэмыту хуиту къепсэлъ. Урысхэм щабгъэдэткIэ, ар сыт щыгъуи бзаджэщ, гущIыIэщ, къилъын хьэзырщ. Укъигъэгугъэу укъигъэпцIэжыныр зыуи къыщыхъуркъым. Шынэр зэуэ и гум зэпхедз, ауэ псынщIэу игу къохьэжри, сыт хуэдизу и псэм темышыныхьми, а зытета дыдэм къызэрымыкIуэу ерыщу тоувэж. Адыгэр къыфIэмыIуэхуххэу джэгум къыхокIри, лъыгъажэм хохьэ, нэмэзым токIри, хъунщIэтеуэ макIуэ, псапэ щIэныр зэраныгъэм хуегъэкIуэж. ФIэщхъуныгъэр абы и щIэгъэкъуэн закъуэщ, ауэ и хэкуэгъухэм къалъагъункIэ щымышынэм деж, диным къыхуигъэув къалэнхэми хабзэхэми тыншу йобакъуэ. А хьэлыр зауэм щыхэтым дежи дыболъагъу. И ныбжьэгъу гупым яхэту щызауэкIэ, адыгэр егъэлеяуэ хахуэщ икIи къызэрымыкIуэу псэемыблэжщ: абы фIыуэ ещIэ и лIыгъэр псоми зэралъагъури, и хахуагъым псори зэрытепсэлъыхьынури. Ауэ и закъуэу, зыми къимылъагъуу хъунщIэтеуэ ежьэмэ, ар лIыгъэ гъэщIэрэщIа зэрихьэн Iуэху хэмыту, иукIынуIамэ, зэрыхъукIэ нэхъ псынщIэу еукI, зыхуейр зыIэрегъэхьэри, къромыхужьэ щIыкIэ зэрыщIэпхъуэжыным хуопIащIэ.

Шэрджэсыр сыт щыгъуи ахъшэм хуэнэпсейщ. Мылъкум папщIэ абы цIыху иукIыфынущ, къигъэгугъами епцIыжыфынущ, ауэ къыIэрыхьа ахъшэр зэримыгъэзэхуэххэу, асыхьэтым япэу къыхуэзэм иритыну хьэзырщ. Зэпымыууэ урысхэм зэрезауэм хуэдэу, быдапIэхэм дэс зауэлIхэм сыт щыгъуи Iэщ яхуэзышэ сондэджэрхэм шэрджэсхэр пщIэкIэ гъуэгугъэлъагъуэ яхуохъу.

Адыгэр быдэу жозыгъэIэн щапхъэхэр закъуэтIакъуэхэщ. Япэ къэсым зыхуейр и жьэм къызэрыжьэдэкIыу е щIагъыбзэкIэ къызэрыбгуригъаIуэу ептыныр хабзэ щыхъуа лъэпкъым быдэу ущыщыт хъунукъым. Абы и цейм, щIакIуэм, шым е нэгъуэщI и хьэпшып гуэрым узэрыщытхъуу, къуитынущ. А хьэлэлагъым адыгэ гъащIэм мэхьэнэшхуэ щиIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зыри зыбгъэдэмылъ тхьэмыщкIэр, тыгъэ защIэу асыхьэтым шыи, Iэщи, щыгъыни зыIэригъэхьэу, зауэм е ерыскъы хэхыпIэ яхуэхъуа хъунщIэтеуэм хыхьэфынущ. ЗыщIэлъэIуар кърамытыпэми, абы зыхуейр илъэс-илъэситIкIэ хьэхуу къищтэфынущ, шыр зыщIыпIэ укIуэу укърикIуэжын папщIэ къеIыпхынумэ, зыми «хьэуэ» къыбжиIэнукъым, лъэIуакIуэм мылъку зэригъэпэщмэ, нэхъыбэж къызэрыритыжынум езытым шэч къытрихьэркъым. Зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, адыгэм и мылъкур икъузыркъым, ауэ зэдауэ хэхуэрэ и пщIэр ягъэпуду къыфIэщIмэ, абы зы шкIэ закъуэ фIэкIа фIамыдыгъуами, и жагъуэгъум текIуэн къудей щхьэкIэ, и ныкъуэкъуэгъум судкIэ илъэс тIощIкIэ едэуэфынущ. Зыгуэр къызэрыпIэщIигъэкIын нэпсеягъэрэ «мыбы хьэпшыпыр езым зэрейр къыгурыIуэжу пIэрэ» жозыгъэIэ хьэлэлагъэрэ зы нэрыбгэм и хьэлым гъэщIэгъуэну щызэхозагъэ. ЦIыху псынщIэу къыпфIэщI щхьэкIэ, адыгэм фIагъ куэду зэтепщIыкI хьэл щыпкъэ дыболъагъу, къимыкIуэту зытетым тетщ, къызэрымыкIуэуи тэмакъкIыхьщ. Иужьрей хьэлыр щIалэр нэхъ зыгъэлъапIэ щэну къалъытэ. КъафIэмыIуэхуу узыр зэрашэчымкIэ ахэр тыншу европэ щIалэхэм къахыбоцIыхукIыф. Европэм къикIар адыгэм хуэдэ дыдэу хахуэнкIи мэхъу, ауэ бэшэчагъкIэ абы зэи лъэщIыхьэнукъым.

Хэкур псэемыблэжу фIыуэ зылъагъу адыгэм и лъэпкъым фIы къызэрыпэплъэм шэч закъуи къытрихьэркъым. Щэнхабзэ укъуэдиям щIамыпIыкIа цIыхур къыщалъхуа щIыпIэм псэкIэ епхауэ къонэ, дунейм щызекIуэ хабзэхэм я нэхъыфIыр езым и лъэпкъым къигъэщIахэрауэ къелъытэ, къыщыхъуа къуакIэбгъыкIэм пэIэщIэ пщIымэ, игу хощI. Нэху зэрыщу ежьэжын хьэзыру, жылэм зыхахуа нэрыбгэр, яукIын шынагъуэр къызэрыщхьэщытым хуэдэу, жэщ зыбжанэкIэ и къуажэм пэгъунэгъу, и щIалэгъуэр щигъэкIуа губгъуэжьым щэхуу игъэзэжу щис къохъу.

Жылагъуэ хуитым къыщыхъуа адыгэм и хэкур фIэинщ: абы елъагъу ар зэрыщхьэхуитыр, езым ейм ещхь адрей щIыналъэхэм фIыкIэ зэрадекIуэкIыр, абы игури хегъахъуэ, и щхьэри лъагэу ирегъэлъагъуж. Хамэ лъэныкъуэм къикIа псори адыгэм Iумпэм ещI, езым и пщIэр щылъагэ, и гъащIэм мыхьэнэ пыухыкIа къезыт и Хэкур фIыуэ елъагъу.

«Дэнэ ущыщ?» жыIи шэрджэсым еупщIи, зы хэку абрагъуэ гуэрым щыщ пщы-уэркъ фIэкIа умыщIэну, «сышапсыгъщ», е «сыбеслъэнейщ» къыбжиIэнущ. И щхьэм хуищIыж пщIэм адыгэр къызыфIигъэщIыжащ, хьийм икIа хуитыныгъэми декIуэкIыгъуей, зызымыщIэж, егъэлеяуэ пагэ щIэхъукIащ».

Зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ.

Эльбэ я зэхуэзапIэт

● Тхыдэ

Мы зэманым ягу къагъэкIыж илъэс 50 ипэкIэ, 1975 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м СССР-м и «Союз-19», США-м и «Аполлон» космос кхъухьхэмрэ хьэршым зыщызэпащIауэ зэрыщытар. Абы щыгъуэм ар техникэ и лъэныкъуэкIэ ехъулIэныгъэшхуэт. Ауэ ар зыми щыщтэкъым, иIэ политикэ мыхьэнэм елъытауэ. ЩIы хъурейр зэщIэзыубыда ткIиягъыр къэщабэрт. ЗэпэщIэт къэралышхуитIым зэращIылIакIэт ПРО-мрэ стратегие Iэщэхэр гъэмэщIэнымрэ ятеухуа зэгурыIуэныгъэу тIу. Мы Iуэхури а лъэныкъуэмкIэ яча лъэбакъуэт. НэщэнэфIуи уват Эльбэ и щыгу жыжьэм хуэзэу кхъухьхэм зэрызызэпащIари: 1944 гъэм етIуанэ фронтыр къызэIуаха иужь совет, американ зауэлIхэр а псым и Iуфэм IэплIэ щызэхуащIат. Иджы абы къытригъэзэж хуэдэт.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 1970 гъэхэм я пэщIэдзэм Совет Союзымрэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ щIыми, псыми, хьэршми щызэпеуэрт. Космосыр къэгъэIурыщIэным и IэнатIэм СССР-м япэ щитурэ екIуэкIат, ауэ США-м цIыхур Мазэм игъэкIуа иужь ди къэралым а ефIэкIыныгъэр фIэкIуэдат. Ди ныкъуэкъуэгъухэм бжьыпэр щаубыда IэнатIэхэр щыIэт. АрщхьэкIэ американхэм цIыху ягъэлъэта Мазэм? А упщIэм и жэуапыр къахуэгъуэтыркъым нобэр къыздэсым. ТегъэщIапIэ ящIри ди гъунэгъум ягъэкIуа «Сатурн-5» кхъухьым цIыхур Мазэм ихьу къихьыжын а зэманым хузэфIэкIыну зэрыщымытарщ. Абы дуней псом щытепсэлъыхьу хуежьат. А псори Iэзагъышхуэ хэлъу ягъэува гъэлъэгъуэныгъэу щымытауэ пIэрэ? США-м пцIыр сэтей къэзыщIыну тхылъ къыщыдагъэкIыну загъэхьэзырырт. Ар зи IэдакъэщIэкIхэм а мурадым тезышыну гуэр къагупсысын хуейт. Арауэ жаIэ я кхъухьхэм хьэршым зыщызэпащIэным теухуа жэрдэм къыхалъхьэну американхэр езыхулIар. Ауэ ар нэгъуэщI псалъэмакъщ.

МыдэкIэ къэдгъэзэжынщи, «Союзымрэ» «Аполлонымрэ» зызэпащIэныр технологие и лъэныкъуэкIэ егъэлеяуэ гугъут. Япэрауэ, а кхъухьитIыр зэхуэдэтэкъым, я пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэри зэмыщхьт. ЕтIуанэрауэ, мы Iуэхур жэуаплыныгъэ ин дыдэ зыпылът - зым и щыуагъэм псори къызэпиудынут. Ауэ лъэныкъуитIри я къалэнхэм дэгъуэу пэлъэщащ икIи бадзэуэгъуэм и 17-м Москва зэманымкIэ сыхьэт 19-рэ дакъикъитIым кхъухьитIыр зэпыхьащ. Аргуэру сыхьэти 3 дэкIри, уэгу жыжьэм я Iэхэр щызэрыубыдащ «Союз-19»-мрэ «Аполлон»-м я унафэщIхэу Леонов Алексейрэ Стасффорд Томасрэ, адрей я гъусэхэми. Шэджагъуашхэ зэдащIащ, зэгъусэу гъэунэхуныгъэ зыбжанэ ирагъэкIуэкIащ.

Дунейм къыщыдэкI газетхэм я япэ напэкIуэцIхэм къытрадзэрт СССР-мрэ США-мрэ зэгъусэу зэдача лъэбакъуэм теухуа тхыгъэхэр, телевиденэми, радиоми Iуэхуу яIэр арат. Ауэ абы къэралитIым я зэныбжьэгъугъэр зэфIигъэувакъым - абыхэм я зэхуакум лъэпощхьэпо куэдыIуэ дэлът. Уеблэмэ, ткIиягъыр къэгъэщэбэным теухуа политикэр къигъэсэбэпурэ, Вашингтон зригъэужьащ хьэршыр къэгъэIурыщIэным хуэунэтIа технологиехэм. Иджы американхэм ягъэлъатэ спутникэм я нэхъыбэм мыхьэнэ тIуащIэ яIэт - зы лъэныкъуэр зауэ Iуэхухэм яхуэгъэзауэ: США-м и ракетэхэр Совет Союзым и щIыналъэхэм нэхъ къытегъэпса хъуащ. ЖыIэн хуейщ ди къэралми ардыдэр зэрищIар. АрщхьэкIэ Москваи Вашингтони жаIащ кхъухьитIым зэрызэпащIам къарикIуахэмкIэ арэзыуэ, абы къыхэкIыуи къыпхуэлъытэнукъым хэт фейдэ нэхъыбэ къыхихыфами, къыкIэрыхуами. Ар езыри лъэужьыншэ хъуакъым: абы щыгъуэм зыщIадза Iуэхум щыпащащ «Мир - Шаттл» проектыр зэгъусэу щагъэзащIэм, мы зэманым къащыхуощхьэпэ зэдагъэлажьэ Къэрал зэхуаку космос станцым (МКС).

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Адыгэ шхыныгъуэр тхылъым ихуэнущ

Тезырхэр егъэпшынынымкIэ федеральнэ къулыкъум иригъэжьащ «Готовь как спецназ» урысейпсо акцэр, уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и къудамэ хэхахэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 35-рэ зэрырикъум хуэщIауэ.

АБЫ къэрикIуахэм япкъ иткIэ зэхагъэувэнущ къэрал псом щызэхуахьэсахэр зэрыт ерыскъы гъэхьэзырыкIэхэм я тхылъыр. А шхынхэр спецназхэм унэм и закъуэкъым щагъэхьэзырыр, атIэ къулыкъу щрахьэкI губгъуэми щапщэфI.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу тхылъым ихуэнущ Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и «Вулкан» къудамэ хэхам и лэжьакIуэхэм ягъэхьэзырар. Ахэр егугъуащ лыцIыкIулыбжьэ, пIастэ щыгъуу гъэхьэзырыным. Шхыныгъуэ цIэрыIуэр япщэфIын папщIэ цIыхухъухэр Джылы-Су щыпIэм кIуащ нарзан хужь къахьыну. Ар пщэфIэным фIы дыдэу къыщагъэсэбэп.

Къыхэдгъэщынщи, «Готовь как спецназ» жыхуиIэр Урысей ФСИН-м щызэхальхьэ етIуанэ тхылъщ. Япэр 2020 гъэм къыдэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ УФСИН-м и лэжьакIуэхэм къабгъэдэкIыу абы ихуат «шашлык по-кавказски» жыхуиIэр.

БАХЪСЭН Ланэ.

● ГъэщIэгъуэнщ

Данэм и фIагъыр

Данэ щэкIыр къыщыунэхуар ди эрэм ипэкIэ 3630 гъэрауэ къалъытэ. Абы щыгъуэ Китайм щагъэхъуу зрагъэсауэ щытащ тутей тхьэмпэкIэ ягъашхэ шылэхьэпIацIэр. Абы щыхьэт техъуэу жаIэ Китайм къыщагъуэтыжауэ щыта данэ щэкIхэр.

Хэбгъэзыхьмэ, данэ щэкIым ипэжкIэ Китайм къыщагъуэтат данэ Iуданэхэр.

Ди эрэм ипэкIэ 475-221 лIэщIыгъуэхэм данэр Китайм щызэлъащIысауэ щытащ, къулейхэм нэмыщI, къызэрыгуэкIхэми зэрахьэ хъуащ. Щыгъыным нэмыщI, абы къыхащIыкIырт макъамэ Iэмэпсымэхэм, шабзэм траукъуэдие, къунтхым пащIэ кIапсэхэр, уеблэмэ тхылъымпIэ нэгъунэ. ЛъапIагъкIэ данэр дыщэм пэгъунэгъут.

Данэ зэращIым и щэхур Китайм зэман кIыхькIэ щабзыщIащ. Къэралым и гъунапкъэм шылэхьэпIацIэм и щыгъыныхьыр, хьэндырабгъуэр е джэдыкIэр изышыну иужь ихьэм и судыр укIкIэ ящIэнут – апхуэдэ хабзэ щыIэт.

552 гъэм Византием и пащтыхь Юстиниан 552 гъэм къэралыгъуэм дыхьа монаххэм я деж шылэхьэпIацIэм и джэдыкIэхэр къыщищэхуащ икIи унафэ ищIащ хьэндырабгъуэ зехуэным иужь икIэщIыпIэкIэ ихьэн хуейуэ.

Ауэрэ шылэхьэпIацIэ щызэрахуэ хъуащ Азие ЦIыкIум, Африкэ Ищхъэрэм, Испанием, Сицилием. VI лIэщIыгъуэм къэжэрхэм зрагъэсащ данэ ящIу.

Данэ къыщIэгъэкIыныр егъэлеяуэ гугъут. Зы хьэндырабгъуэм и шылащхьэр (коконыр) Iуданэу 300-м щегъэжьауэ 1500-м нэблагъэу зэхэлъщ.

ЩэкIыр зэтеж ещI ар къызыхэщIыкIа Iуданэм белок зэмылIэужьыгъуэхэр, апхуэдэуи шылэхьэпIацIэ щыгъыныхьым и Iупс зэрыхэлъым. И дахагъэ къызэрымыкIуэм нэмыщI, данэр икIи егъэлеяуэ быдэщ. И быдагъым щхьэкIэ данэ Iуданэр иджырей медицинэм къыщагъэсэбэп регенерацэкIэ зэджэ Iуэхугъуэм. Данэм серицин хэлъщ. Абы и сэбэпкIэ, щэкIым хъунрэ нэгъуэщI хьэпIацIэхэмрэ гъунэгъу хуэхъунукъым. Данэм хэлъщ аминокислота лIэужьыгъуэу 18. Ар сэбэп мэхъу цIыхум и лъыр тэмэму зекIуэнымкIэ. ЩэкIым хэлъ протеинхэм ящыщ зыр, фибрионкIэ зэджэр, цIыхум и щIыфэр зэлъэныр къызэтегъэувыIэнымкIэ сэбэпщ. Данэ Iуданэхэр нэхъ махэ зыщIыфыр нэхурщ. Сыхьэт 200 хуэдизкIэ дыгъэ гуащIэр къытепсэмэ, щэкIыр хуэдитIкIэ нэхъ махэ хъунущ.

Ди зэманым щэкI промышленностым нэмыщI, данэр къыщагъэсэбэп техникэми авиацэми. Псалъэм папщIэ, абы къыхащIыкI парашютхэр, фильтр зэмылIэужьыгъуэхэр.

1652 гъэм Урысейм тутей жыгхэр куэду щащIэну иужь ихьауэ щытащ. Жыг мин 15-м нэблагъэ щыхасащ Измайловкэ къуажэм. Щыгъыныхьхэр гъэшхэнымкIэ зыхуэныкъуэ жыгхэр щIагъуэу къэкIыртэкъым, зауэжьыртэкъым. Данэ къыщIэгъэкIын гупсысэр пIалъэкIэ къагъэнауэ щытащ. ЩэкI лъапIэр ди къэралым къыщыщIагъэкIыу щIадзащ Пётр I и тетыгъуэм.

НАФIЭДЗ Данэ.



Пасэрей тхылъ хъумапIэхэр

«Библиотекэ» псалъэр алыджыбзэм къыхэкIащ. «Библио» жиIэмэ – «тхылъ», «тека»-м - «хъумапIэ» жиIэу къокI. Компьютерхэмрэ интернетымрэ къежьэн ипэ, щIэныгъэр зэрызэIэпыпхыу, щIэблэм я гупсысэм зырызрагъэужьу щыIар тхылъырщ. Тхыбзэр къызэрыунэхуу, цIыхухэм щIэныгъэр зыхалъхьэу, зэхуахьэсу, нэгъуэщIхэми ядэгуашэу щIадзащ.

ЯПЭ библиотекэхэр Пасэрей Мысырым къыщежьащ. Абыхэм еджэрт «гъащIэ унэкIэ» е «къалэм унэкIэ». Библиотекэхэр яхухуэрт быдапIэхэм къегъэщIылIауэ. Фирхьэунхэм мыхьэнэшхуэ иратырт щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным. Рамзес II-м и быдапIэм и щIыхьэпIэхэм ящыщ зыр къыщатIэщIыжым археологхэм къыщIагъэщащ абы тетха псалъэхэр: «Псэм и хущхъуэ». ЦIыху гъащIэр тхылъхэмрэ библиотекэхэмрэ епхауэ къогъуэгурыкIуэ. Пасэрей Мысырым щыпсэуахэм тхылъыр цIыхум и узыншагъэмкIэ сэбэпу, хущхъуэ папщIэу псэм уреIэзэ хъууэ къалъытэрт.

XIX лIэщIыгъуэм Ассирие къэралыгъуэм, Ниневиер къыщатIэщIыжу, Тигр псым и Iуфэм археологхэм къыщагъуэтауэ щытащ дамыгъэхэмкIэ гъэпса библиотекэр, пащтыхь Ашшурбанипал иригъэухуауэ щытар. Абы зэреджэу щытар «Ущиехэмрэ чэнджэщхэмрэ я унэщ». Библиотекэм щызэхуэхьэсат пащтыхьым и унафэкIэ къулейхэмрэ еджахэмрэ я унэхэм, тхьэелъэIупIэхэм къыщIаха ятIэ таблицэхэр. Ахэр илъэс 20-м нэблагъэкIэ Лондон музейм щIэлъащ. ЩIэныгъэлIхэм ятIэ таблицэхэм тет дамыгъэхэм къарыкIхэр къахута нэужь, къалъытащ а зэхуэхьэсахэр ятIэ тхылъ библиотекэ псо хъуну. Таблицэхэр я инагъкIи IувагъкIи зэхуэдизт. ЯтIэ тхылъхэм тыншу къызэрыбгъуэтын каталоги хуащIащ. ГъэщIэгъуэнт, библиотекэм щIэлъ апхуэдэ тхылъхэр зытеухуакIэ зэрызэщхьэщагъэкIари. Абы щахъумэрт тхыдэм, астрономием, математикэм, медицинэм теухуахэр. Библиотекэм щIалъхьа ятIэ тхылъ мин 30-м щIигъум дэтхэнэми тегъэуат «Ашшурбанипал и быдапIэ, Ассирием и пащтыхь» жиIэу зытет мыхъурыр.

Пасэрей Алыджым щIэныгъэлIхэмрэ философхэмрэ щыкуэдт. Абы школхэмрэ академиехэмрэ къыщызэIуахырт, библиотекэхэри хащIыхьыжырт. Уней библиотекэхэм я нэхъ ин дыдэт пасэрей алыдж гупсысакIуэ, щIэныгъэлI Аристотель и тхылъ хъумапIэр. Ликэм, Афинхэм я Iэхэлъахэм щыIэ библиотекэм философыр лекцэхэм къыщеджэрт. Абы щызэхуэхьэсат тхылъ мин пщIы бжыгъэхэр. Аристотель дунейм ехыжа нэужь, и библиотекэр «Мусейон» храмым хагъэхьэжащ.

Геркуланум къыщакъутам къагъуэтауэ щытащ усакIуэ, философ Филодем и библиотекэр. Абы тхылъымпIэ тхауэ 1860-рэ щIэлът. Мысырым и щэнхабзэ центрыр Александриет. Абы щытетт Птолемей и лIакъуэр. Ди эрэм ипэкIэ 3-нэ лIэщIыгъуэм Птолемей игу ирилъхьауэ щытащ Мысырыр гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я центр ищIыну. Абы щыгъуэ «Мусейон» иригъэухуауэ щытащ, афиннхэм яйм ещхьу. Ар щеджэ, щыпсэу пэшхэр зыхэт университетышхуэт. Обсерваторэ, жыг хадэ, зоопарк, ащтым (папирус) тхылъымпIэхэр щахъумэ библиотекэшхуэ хэтыжт. Птолемей II Александрийскэ библиотекэм нэхъри зригъэубгъуащ, дуней псом щызэхуахьэс тхыгъэхэр щахъумэу. Птолемей III унафэ къыдигъэкIауэ щытащ, кхъухь тедзапIэм къытехьэхэм тхылъ яIыгъмэ, ар ятын е ящэн хуейуэ. Ахэр библиотекэм щIалъхьэрти, тращIыкIа копиехэр тхылъыр зейм иратырт. Библиотекэм и фондым хэтт бзэ зэхуэмыдэхэмкIэ тхыгъэхэр зэрыт тхылъымпIэ мин 700-800. Ди эрэм ипэкIэ 47 гъэм библиотекэм и щIэлъэныкъуэр мафIэм исауэ щытащ. Къэнар чыристанхэмрэ мажусий диным тетхэмрэ (язычники) щызэпэщIэувам зэхакъутащ.

Александрие библиотекэм ехьэехуэрт Пергам библиотекэри. Ар ди эрэм ипэкIэ 2-нэ лIэщIыгъуэм яухуауэ щытащ, ащтым тхылъымпIэм ит тхыгъэ мин 200-м нэблагъэ щIэлът. Библиотекэм щыкуэдт медицинэм ехьэлIа тхыгъэхэр. Езы Пергамыр медицинэм и центру къалъытэрт. Ди эрэм ипэкIэ 43 гъэм Пергам библиотекэм щIэлъ тхылъхэр Александрием щIалъхьэжауэ щытащ. Ди зэманым Пергам Тыркум и щIыналъэм щыIэщ. Библиотекэ зэхэкъутар зыплъыхьакIуэхэм ирагъэлъагъу пасэрей щIыпIэхэм хабжэ.

Япэ урым библиотекэр алыджхэм яйм и щIыкIэм тету яухуауэ щытащ. Нэхъ иужькIэ, Урымым библиотекэхэр щрагъэухуащ Август, Тиберие, Траян пащтыхьхэм.

1073 гъэм Мудрый Ярослав Киев япэу библиотекэ щригъэухуащ. Ар щыIэт Софийскэ быдапIэм и деж. Библиотекэм щахъумэрт къэрал дэфтэрхэри, Евангелиери, нэгъуэщI тхыгъэ куэди. Библиотекэм тхыгъэу щIэлът том 500 хуэдиз. Ар щызэхэкъутауэ щыта зэманыр зэхагъэкIыфакъым. Языныкъуэ щIэныгъэлIхэм хуагъэфащэ 1124 гъэм къэхъуа мафIэсышхуэм хисхьауэ, нэгъуэщIхэми къалъытэ 1240 гъэм, монголхэм я Хъан Батый и дзэр Киев щихьам, зэхакъутауэ.

Нэхъ фонд гъэщIэгъуэн дыдэ зиIахэм хабжэ урыс пащтыхь Грозный Иван иIа библиотекэр. ЦIыхубэр екIуалIэ хъууэ Урысейм япэу библиотекэ щаухуар Санкт-Петербургщ. Ар 1795 гъэм къызэIуахауэ щытащ. Абы цIыхубэр кIуэну хуит ящIырт тхьэмахуэм къриубыдэу махуищкIэ. Библиотекэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ Москва щыIэ Урысей къэрал библиотекэр (1992 гъэ пщIондэ Ленинскэ библиотекэу щытащ). Абы щахъумэ тхылъ мелуан 40-м нэблагъэ.

Ди зэманым библиотекэхэм я фондхэм хабжэ хъуащ микрофильмхэр, аудио тхыгъэхэр, видеохэр. ЩыIэщ къэрал, щIыналъэ, уней, щIэныгъэ, школ библиотекэхэр, нэгъуэщIхэри. ЩыIэщ щхьэхуэу тхыдэм, медицинэм, техникэм, мэкъумэшым, егъэджэныгъэм, художественнэ тхыгъэхэм яхуэгъэпса библиотекэхэр.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Къалэн нэхъыщхьэхэр яубзыху

Урысей ФССП-м и управленэу КъБР-м щыIэм 2025 гъэм и япэ мазихым къэрикIуахэр къыщызэщIакъуэжри адэкIэ къапэщыт къалэнхэр щаубзыхуащ. Республикэм и суд пристав нэхъыщхьэ Бауаев Ахъмэт къыхигъэщащ я лэжьыгъэм зэрыпэлъэщыр. Илъэсыр къызэрихьэрэ сом мелард 1,9-рэ ирагъэпшынащ, 2024 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм ебгъапщэмэ, ар сом мелард 0,4-кIэ нэхъыбэщ.

ГУЛЪЫТЭ хэха хуащIащ балигъ мыхъуахэм я хуитыныгъэхэр зэфIэгъэувэжыным. Хэгъэзыхьа IэмалхэмкIэ я фIыгъэкIэ, ахэр зыхуей хуэгъэзэным хуаутIыпщащ сом мелуан 265-рэ, илъэс кIуам и япэ мазихым еплъытмэ, процент 17-кIэ нэхъыбэ.

Мазихым къриубыдэу къулыкъум и лэжьакIуэхэм административнэ жэуапым ирашэлIащ хабзэр уэим зыщIа цIыху мини 5-м щIигъу, уголовнэ жэуапым – 170-рэ, абыхэм ящыщу 155-м алиментхэр тыным зыпыIуадзырт.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ судхэм я лэжьыгъэр ягъэува пщалъэм иту екIуэкIыныр къызэгъэпэщыным. Къапщтэмэ, суд приставхэм шынагъуэншагъэр къыщызэрагъэпэщащ суд зэIущIэхэу мини 10-м щIигъум, хуит ямыщIхэр щIахьэнухэта мин 3,5-м щIигъу ар кърагъэхъулIакъым. КъызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къагъэхъуакъым.

Управленэм и къудамэхэмрэ IэнатIэхэмрэ я унафэщIхэм утыку кърахьащ я лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ дэтхэнэми къэрикIуахэр, зыхунэсахэмрэ гугъуехь зыпыщIахэмрэ трагъащIэу.

ЗэIущIэм и кIэухым яубзыхуащ КъБР-м щыIэ УФССП-м и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа Iуэхухэр, 2025 гъэм и етIуанэ мазихым къапэщытхэр,

УЭРДОКЪУЭ Женя.



НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ГУГЪУЭТ Заремэщ**.

IэпэIэсагъэм и къежьапIэ

Пластилиныр итальян псалъэм къытехъукIащ, «зэкIэрыпщIэ» жиIэу къокI. Апхуэдэу къагъэсэбэпу щыта пкъахуэ щхьэхуэхэр илъэс 500-м щIигъуауэ щыIэми, езыр къыщежьар иужькIэщ. Абы и тхыди иIэжщ.

XVI лIэщIыгъуэм щыIа итальян архитектор Вазари Джордж сурэт щIыным, зэкIэрыгъэпщIэным, зэIущэным теухуауэ итха тхылъым щытепсэлъыхьауэ щытащ шэхумрэ ятIэмрэ къыхэщIыкIа пкъахуэ быдэм. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, ар пластилиным и зы лIэужьыгъуэт. Пластилин къэзыгупсысыну хэтахэм хабжэ зыбжанэ: нэмыцэ Колб Франц, инджылыз Харбутт Уильям, америкакан Маквикер Джо сымэ. 1880 гъэм Колб зэхилъхьа пкъахуэм арат фIищари - «Plastilin»-т.

Ар аптекэм хущхъуэзэхэлъхьэу щылажьэрт. Архитектор, сурэтыщI, IэщIагъэлI куэд и ныбжьэгъут. Езым гъуазджэм пыщIэныгъэ хуимыIэ пэтми, гъэунэхуныгъэ щхьэхуэхэр иригъэкIуэкIри, къехъулIащ. Ди зэманми Мюнхен къыщыбгъуэтынущ «Мюнхен и скульптурэ пластилиныр».

Харбутт Уильям Британие школым гъуазджэмкIэ щригъаджэрт. Абы и есэпхэм студентхэр ятIагъуэм щелэжьырт: модель щхьэхуэхэр зэкIэрагъапщIэрт. Зы есэпым къриубыдэ зэманыр яхуримыкъу хъуащ студентхэм я лэжьыгъэхэр и кIэм нагъэсын папщIэ. КъыкIэлъыкIуэ есэпым ятIагъуэр гъурти, абы къыхэпщIыхьыжынIауэ гугъут. Харбурtт зрипщытащ щIэрыщIэу къэпщтэжу тыншу узэлэжьыж хъу пкъахуэ гуэр къигупсысынымрэ ар зэхилъхьэнымрэ. Куэдрэ елIэлIа нэужь, абы къехъулIащ мыгъуу мазэкIи нэхъыбэжкIи узэлэжь хъу пкъахуэр. И фэкIэ ари ятIагъуэм хуэдэт. ЩIэныгъэлым къигъэщIам «Plastiline» фIищащ. И есэпхэм къыщигъэсэбэпын къудейм трищIыхьауэ щытами, Харбут гу лъитащ и студентхэм ар егъэлеяуэ ягу зэрырихьам, зыIэпишэу зэрелэжьым. ИкIи патент зэригъэпэщу куэду къыщIигъэкIыну мурад ищIащ.

Харбутт и пластилиныр гъуазджэми къыщагъэсэбэпырт, унэгуащэхэми я бынхэм куэду къыхуащэхурт. 1900 гъэм Харбуртт пластилин къыщыщIагъэкI фабрикэ къызэIуихащ. Абы пластилиныр щащIырт плъыфиплI иIэу. Ар тыншу, шынагъуэншэу къэбгъэсэбэп хъум къыщымынэу икIи пудт, хэти къищэхуфырт.

Американ инженер Маквикер Джо и пластилиныр 1955 гъэм къигупсысащ. Ар елэжьырт обой зэрагъэкъабзэ ткIуаткIуэ зэхилъхьэным. ИкIи а зэхищIэхэмкIэ дэгуэшащ сабий садым гъэсакIуэу щылажьэ и шыпхъум. Пкъахуэ хужь зэпышыр зигу ирихьа гъэсакIуэр абыкIэ цIыкIухэм яридэлэжьэн щIидзащ. Сабий садым и лэжьакIуэхэм пкъахуэ гъэщIэгъуэныр ягу ирихьащ, ар куэду къыщIэгъэкIын хуейуи къалъытащ. Пластилин лIэужьыгъуэр цIыхубэм куэду къащэхурт. Маквикер мелуанырыбжэ хъуащ илъэс 27-м иту.

Ди зэманым пластилиныр щыIэщ лIэужьыгъуэ бжыгъэншэу: зэмыфэгъуу, мэ яIэуи ямыIэуи, нэхъ быдэуи нэхъ лантIэуи, зэфэзэщуи цIу яхэпхъауи. Пластилиным сабийхэри ироджэгу, скульпторхэмрэ архитекторхэмри иролажьэ, аниматорхэми къагъэсэбэп. Урысей мультфильмхэм ящыщу къыхэбгъэщ хъунущ «Пластилиным къыхэщIыкIа къуаргъыр». ГъэщIэгъуэнщ Британие телевиденэм и лэжьакIуэ Мэй Джеймс пластилиным къыхэщIыкIа быдапIэ иухуауэ зэрыщытар. 2009 гъэм Мэй Джеймс «Chelsea flower show-2009» гъэлъэгъуэныгъэм хигъэхьащ «Пластилин дуней» зыфIища и лэжьыгъэр. Абы елэжьащ цIыху 2000. Пластилину плъыфэ 24-рэ къагъэсэбэпащ, псоми зэхэту тонни 2,5-рэ я хьэлъагъыу. Удз гъэгъахэр Iэрамэ-Iэрамэу, жыгхэр, хьэсэ цIыкIухэр иухуэри, жыг хадэ телъыджэм и кум Харбуртт Уильям и фэеплъ хищIыхьыжащ, пластилин яжьафэм къыхэщIыкIауэ. Мэй Джеймс и лэжьыгъэр гъэлъэгъуэныгъэ-зэпеуэм щытемыкIуами, абы щхьэхуэу къыхуагъэфэщауэ щытащ пластилин-медаль.

Иджырей пластилинхэр къыхащIыкI шэхум, парафиным, ятIагъуэм, зымыгъэж пкъыгъуэхэр халъхьэу. Ар тыншщ икIи шынагъуэншэщ цIыкIухэм уаридэлэжьэну - сабийхэр нэхъ гурыхуэ ещI, я IэпэIэсагъэми зрегъэужь. Абы къыхэкIыу, сабий садхэми пэщIэдзэ классхэми куэду къыщосэбэп.

ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.

Лъэтеувэ

Адыгэ хабзэм щыщщ

«Лъэтеувэр» пасэ лъандэрэ мыхьэнэшхуэ зрат гуфIэгъуэ дауэдапщэу адыгэм къыдогъуэгурыкIуэ. Сабийм и япэ лъэбакъуэхэр ичыныр, абы теухуауэ хьэлыуэ Iэнэ яубэныр, цIыкIухэр зэхуэшэсауэ гъэджэгуныр, нэхъыжьхэр гъэхъуэхъуэныр хабзэфIу къыддокIуэкI. Пэжщ, нэхъ пасэм а гуфIэгъуэ дауэдапщэр зэрекIуэкIыу щытам иджырейхэр тIэкIу къытекIащ. Нобэ и гугъу тщIынщ «лъэтеувэм» и пасэрей екIуэкIыкIэу щытам.

САБИЙМ езыр-езыру лъэбакъуэ ича иужькIэ лъэтеувэ тхьэлъэIур хуащIырт. Мы тхьэлъэIур унагъуэ тхьэлъэIуу ябжырт, кърихьэлIэхэри сабийр зейхэм я благъэ, я Iыхьлы, гъунэгъуу ныбжьэгъугъэкIэ къыгухьэхэрат.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэу лъэбакъуэ зыча цIыкIум щхьэкIэ хьэлыуэ Iэнэ яубэрт, абыкIэ сабийм и IэщIагъэ хъунур къахутэ пэлъытэу. Хьэлыуэ Iэнэм щэкI къабзэ траубгъуэрти, абы и щIыIум хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр тралъхьэрт: зекIуэлIым зэрихьэ, гъукIэ Iэмэпсымэ, шы Iэпслъэпсым щыщ, тхылъ, къалэм, ахъшэ, амдэч цIыкIу. Хъыджэбз цIыкIухэм щхьэкIэ, хьэлыуэм бзылъхугъэ IэщIагъэм ехьэлIа хьэпшыпхэм ящыщт тралъхьэр: чысэ, данлъэч, мастэ-Iуданэ, фалъэ цIыкIу, нэгъуэщIхэри.

Лъэтеувэ зыхуащI сабийр къагъэувырт, Iэнэм лъэбакъуитI-щы хуэдизкIэ пэжыжьэуи, «лъахъэр зэпыдоупщI», - жаIэрти, и лъакъуэ зэхуакум мэжаджэ хъурей дахырт. ИтIанэ сабийм и анэшхуэм мыр жиIэурэ еджэрт:

Мимэ, мимэ щIы, си дыгъэ,
Мимэ, мимэ щIы, си нэху,
Лъэтеувэр тхьэлъэIупIэщ.
Мимэ пщIырэ уи пIэм уикIмэ,
БэкIэ пIащIэу мес уи дадэ,
Фадэ пIащIэр и хьэзырщ.
Мимэ, мимэ щIы, си щIалэ,
Мимэ, мимэ щIы, си фо,
Фадэ пIащIэми нэмыщIу
Гъэлъэхъу пшэрри кIэрытщ,
Зещэтэжу жэмыбгъэбзри
Кърибзэну и мурадщ...

Иужькlэ сабийр яутIыпщырти, а цIыкIур хьэлыуэ Iэнэм бгъэдыхьэрт, абы телъ хьэпшып гъэщIэгъуэнхэм ящыщу и нэм нэхъ къыфIэнар къытрихырт. Абы къищтамкIэ псоми «къащIэрт» сабийм IэщIагъэ хуэхъунур.

Лъэтеувэм кърихьэлIа балигъхэм гуфIэгъуэ Iэнэ къыхуащтэрт, дауи. Ауэ псом хуэмыдэу зрагъэлIалIэрт сабийхэм. Я ныбэ из хъурэ, хьэлыуэ IупщIэ, хьэлыуэ IэшкIэхэр гуIэфIтещIэжу трашхыхьыжа иужькIэ, ахэр джэгурт, лъэтеувэ зыхуащIа сабийри яхэту. Абы щхьэкIэ мыпхуэдэ джэгукIэ цIыкIу щыIащ. Сабийхэр псори хъурейуэ еувэкIырти, зы и кум къранэрт.

Зэрыхабзэти, ар зи лъэтеувэ хэтырат. ИтIанэ псоми зэгъусэу жаIэрт:

Мимэ, мимэ,
Сэ сокIуэ, сэ соджэ,
Щытхэм сахэлъадэмэ,
Абы сахэбгъадэмэ...

Абдежым псори зэтеувыIэрти, утыкум итыр небэ-къебэу зыбгъэдыхьэм, ар зэIусэм пэплъэрт, итIанэ зэгъусэу абы и цIэр жаIэрт ину. Зи цIэ ираIуар иджы утыкум къихьэрти, адэкIэ пащэрт. Апхуэдэурэ зэрегъэзэшыхукIэ джэгухэрт.

IэщIагъэ дахэм и хъумакIуэхэр

КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ КъБКъУ-м АрхитектурэмкIэ, ухуэныгъэмрэ дизайнымкIэ и институтым «Архитектурэмрэ дизайнымкIэ» и кафедрэм Декоративно-прикладной гъуазджэмрэ цIыхубэ IэпщIэлъапщIагъэмкIэ и унэтIыныгъэр къэзыуххэм я диплом лэжьыгъэхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэм я Iэдакъэщ IэкIхэмрэ.

ВЫСТАВКЭР къызэрагъэпэщащ «Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэм я творческэ зэгухьэныгъэм» и щIыналъэ къудамэм и лэжьыгъэм хыхьэу икIи ар хуэунэтIащ цIыхубэ IэпщIэлъапщIэхэм я IэрыкIхэр хъумэнымрэ декоративно-прикладной гъуазджэм и хьэпшыпхэр хэIущIыIу щIынымрэ.

2005 гъэм щыщIэдзауэ мы IэщIагъэхэм КъБКъУ-м щыхурагъаджэ икIи блэкIа илъэс тIощIым къриубыдэу а къудамэр къэзыухахэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуащIым къыдэкIуэу, щIэблэр пасэрей IэпэIэсагъэм хуагъасэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьащ «Художественнэ хэдыкI» IэщIагъэр зэзыгъэгъуэта хъыджэбзиймрэ абыхэм я егъэджакIуэхэу Унэж Залинэрэ Мырзэкъан Радимэрэ ящIахэр. Мы лэжьыгъэхэр щыплъагъукIэ, щIалэгъуалэм я гъэсакIуэхэм гъуазджэм щаIэ зэфIэкIхэр зэрызыхалъхьар нэрылъагъущ.

IэпщIэлъапщIагъэм хуеджахэм я диплом лэжьыгъэхэр зытеухуамкIи къагъэсэбэпа IэмалхэмкIи куэду зэщхьэщыкIырт. Художественнэ хэдыкIыр къагъэсэбэпу ягъэхьэзыра адыгэ цIыхухъу, цIыхубз фэилъхьэгъуэхэр зэрызэрагъэпэщыжыр, ахэр зэманым декIуу къызэрагъэщIэрэщIэжыр удихьэхыу къагъэлъэгъуащ, дыщэидэр, бзылъхугъэ хьэгъуэлIыгъуэ бостейр хьэпIацIэщыгъэкIэ гъэдэхэныр, гъущIым къыхэщIыкIа хьэпшыпхэр хыхьэу. А псор еджапIэр къэзыуххэм я IэдакъэщIэкIщ.

«Декоративно-прикладной гъуазджэмрэ цIыхубэ IэпщIэлъэпщIагъэмрэ» унэтIыныгъэм и егъэджэныгъэ программэм и унафэщI, УФ-м и Дизайнерхэм, Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэм я творческэ зэгухьэныгъэхэм хэт Унэж Залинэ и лэжьыгъэхэр плIанэпэ щхьэхуэм щагъэуващ. Гъуазджэм и дахагъэм гъуни нэзи зэримыIэр мыбдежми щынэрылъагъущ. ЩIыналъэм и лъэпкъ щэнхабзэм и хэлъхьэныгъэм къыдэкIуэу, а хьэпшыпхэмкIэ гурыIуэгъуэщ IэпщIэлъапщIэхэм я Iэзагъэр, пасэрей лъэпкъ IэщIагъэ дахэм и хъумакIуэ ахэр зэрыхъур.

- Зэрыфлъагъущи, лъэпкъ цIыхухъу, бзылъхугъэ фэилъхьэгъуэхэр зэрыгъэдэха дыщэ, дыжьын идэхэм, уагъэ зэIущэным ди хъыджэбзхэр хуэIэкIуэлъакIуэщ, - жиIащ Унэж Залинэ. - Махуэ къэс щыптIагъэ хъуну щыгъыныгъуэхэм къадэкIуэу, хьэгъуэлIыгъуэ фащэхэри гъэлъэгъуэныгъэм хэдгъэхьащ. Лъэпкъ фащэм и пкъыгъуи, езым я еплъыкIи зэхаухуанэу къагъэщIэрэщIэжа фэилъхьэгъуи мыбы щыфлъагъунущ. Лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэм я тхыдэм фIыуэ зэрыщыгъуахэм и нэщэнэщ ар. Мыбдеж щыфлъагъу балъкъэр Iэлъэщ Iхэм я щIыкIэм IэпщIэлъапщIитI къудей щыгъуазэу аращ. Иджы ди гъэсэн зы хъыджэбзи абы хуэIэзэ хъуащ. Выставкэм щыщщ дыщэидэ лъэпкъ дамыгъэхэр, хьэпIацIэщыгъэкIэ хадыкIа фэилъхьэгъуэхэр.

Дэтхэнэ зы лэжьыгъэми пщIэ хуэфащэщ, хъыджэбзхэм я IэпщIэлъапщIагъэр, шыIэныгъэр, плъыфэр зэрызыхащIэр, лъэпкъ щэнхабзэм хуаIэ лъагъуныгъэр абы къызэрыщыгъэлъэгъуэжамрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я гъуазджэ, щэнхабзэ дахагъэр хэIущIыIу зэращIымрэ папщIэ.

Уянаевэ Динарэ игъэхьэзыращ хьэпIацIэщыгъэкIэ хэдыкIа, налкъутрэ тхыпхъэкIэ гъэдэха иджырей балъкъэр хьэгъуэлIыгъуэ фащэ, «Баш ау» хабзэм папщIэ зыхуеину, IэкIэ хэдыкIа Iэлъэщ Iихи щIыгъужу.

Кумыщ Данизэ и диплом лэжьыгъэхэр и щапхъэщ Хадид Захи и архитектурэ ухуэныгъэхэм. А фэилъхьэгъуэхэр я плъыфэкIи щIыкIэкIи зэщхьэщыкIырт. Абы къыхигъэщащ Хадид и лэжьыгъэхэр я лъабжьэу Макао, Пекин, Баку, Майами, Эр-Рияд, Токио, Катар щыIэ ухуэныгъэ инхэм (сатунэгузыужь IуэхущIапIэхэр, чэщанэ, стадион жыпIэми) мы щыгъынхэр игъэхьэзырыным зэрыхуагъэушар. КIэщIу жыпIэмэ, Данизэ къигъэлъэгъуащ архитектурэм фэилъхьэгъуэхэм я дизайн гъэхьэзырыкIэм зэхъуэкIыныгъэ зэрыхухэлъхьэр.

Декоративно-прикладной гъуазджэм щIалэгъуалэр зэрыдихьэхыр узыщыгуфIыкI хъун Iуэху дахэщ. Абыхэм я лэжьыгъэхэм уримыгушхуэн плъэкIыркъым. НыбжьыщIэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIауэ гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа хьэпшыпхэмкIэ нэрылъагъу тщыхъуащ республикэм и декоративно-прикладной гъуазджэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIыну, пасэрей IэщIагъэхэм зыщызыгъэгъуэзэну, абыхэм зезыгъэужьыну щIэблэ щIыналъэм зэриIэр.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Уянаевэ Iэминат, цIыхубэ художественнэ IэщIагъэхэмкIэ республикэ центрым и унафэщI Урыс Аслъэн, УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ, нэгъуэщIхэри.

Къэпсэлъахэм жаIащ КъБКъУ-р къэзыух IэпщIэлъапщIэхэм щIэныгъэфI зэраIэр, абыхэм я зэфIэкIымрэ я IэпэIэсагъэмрэ уригушхуэ зэрыхъунур икIи ехъуэхъуащ лъэпкъ щэнхабзэр хъумэнымрэ абы зегъэужьынымрэ ехъулIэныгъэрэ зэфIэкIрэ щаIэну.

ЕджапIэр къэзыуххэм я щIэныгъэ унафэщIхэу Унэж Залинэрэ Мырзэкъан Радимэрэ фIыщIэ хуащIащ я лэжьыгъэхэр щагъэхьэзырым къазэрыдэIэпыкъуам, чэнджэщ щхьэпэхэр къызэрыратам папщIэ.

Унэж Залинэ жиIащ хъыджэбзхэм зрагъэгъуэта IэщIагъэм иджыпсту щIэупщIэшхуэ зэриIэр. ЯзыныкъуэхэрдизайнеруI зэрылэжьэфынур, адрейхэм щыгъыныгъуэхэр къагупсысыж зэрыхъунур, гъэлъэгъуэныгъэхэм хэтынуи Iэмал зэраIэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Лий Даянэ цIыкIу гъэмахуэр фIыуэ елъагъу!

Псалъэзэблэдз

Псалъэхэр пэжу ифтхэмэ, къехыу сыт фыкъызэджэнур?

1. ХьэщIэр зыгъэашхэу шхалъэм дэпкIэж. **2**. Дыгъэ къепсмэ, си гъусэщ, пшэ къытехьэм зегъэпщкIу. **3**. Зэшищ зы пыIэ ящхьэрыгъщ. **4**. Дзэ уз зымыщIэ, дзэ куэд зыIут. **5**. Шындэбзий гъэгъуагъуэ, данагъуэ пщэдыкъ. **6**. Бгыкъуншэ унэ. **7**. Ди унэ бжэIупэ хьэ къарэ цIыкIу Iусщ, икIи мыдзакъэ, икIи мыпсалъэ, унэми ущIимыгъэхьэ. **8**. Къэрабэ плъыфэу уафэм едзэкIа.



	1	9						
	2							
		3						
4								
	5							
	6							
		7						
8								

Жэуапхэр

1. Бжэмышх. 2. Ныбжь. 3. Iанэ. 4. Пхъэх. 5. Адакъэ. 6. Уафэ. 7. IункIыбзэ. 8. Пшэплъ.
***Къехыу фыкъеджэнущ: 9.** ЖыIэдаIуэ.*

Зэхэзылъхьар **БИЦУ Жаннэщ**.

● Футбол

Махуэм и хуабэгъуэм - зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ

Фызэрыщыдгъэгъуэзащи, Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм щекIуэкI зэхьэзэхуэр тхьэмахуищкIэ зэпагъэуащ. А зэманым къриубыдэу командэхэм мащIэу загъэпсэхуауэ, дызыхуэкIуэ щэбэтым щIэзыдзэжыну зэпеуэм зыхуагъэхьэзыр.

МЫГЪЭРЕЙ зэхьэзэхуэм зи Iуэхухэр щIагъуэу щыдэмыкI «Спартак-Налшыкым» Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм зыщегъасэ. Абы къарикIуар къапщытэжын папщIэ щэбэт кIуам зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ драгъэкIуэкIащ езыхэм хуэдэу хуэмыхуу зэпеуэр езыгъэкIуэкI Нэзрэн и «Ангушт»-м.

Псори хъарзынэт, ауэ командэхэр щызэдэджэгунум щыщIадзэну зытраухуа сыхьэт пщыкIутIым укъегъэуэбжь. Дунейм и щытыкIэр градус плIыщIым щынэблагъэ, уеблэмэ щыщIигъу, махуэ шэджагъуэм футболистхэр джэгупIэ губгъуэм къибгъэхьэныр захуагъэ дыдэу къыщIэкIынукъым. Хэт ищIэн апхуэдэу япсыхьу арауэ пIэрэ иджы щIалэхэр, адрейхэм и деж къатемыхьэлъэн хуэдэу?!

Дауэ щытми, лъэныкъуэхэм жыджэрагъи Iэзагъи къахуэгъэлъэгъуакъым. Апхуэдэ къалэни ямыIагъэнкIи хъунущ. Футболистхэми абыхэм я тренерхэми я дежкIэ зэныбжьэгъугъэ зэIущIэм щынэхъыщхьэр гупыр зэхьэзэхуэм нобэкIэ зэрыхуэхьэзырыр къэпщытэнырт, адэкIэ зэлэжьынур ящIэн хуэдэу.

Джэгум и епщIанэ дакъикъэм Осмаевым «Спартак-Налшыкым» и гъуэм дигъэкIа топ закъуэм «Ангушт»-м текIуэныгъэр иригъэхьащ. Ди щIалэхэм ящыщу абы зыкъыщагъэлъэгъуащ Къумыкъум (Котовым, 46; Барановым, 70), КIэдыкIуейм, Гопотченкэ, Пириевым, Жабоевым (КIэщтым, 46), Балъкъызым (Цогоевым, 70), Гъуэгузокъуэм (Кэнжэм, 23; Урысым, 70), Пекъум (Къумыщым, 70), Лысенкэ (Мысхъуэжьым, 70), Хьэшырым. Зэрытлъагъущи, унэцIэ зыбжанэ щIэуэ дыщрохьэлIэ налшыкдэсхэм ингушхэм пащIэгъэува гупым. Абыхэм къищынэмыщIауэ, зи цIэр къраамыIуа иджыри футболист зыщыплI джэгупIэ губгъуэм кърагъэхьащ, я зэфIэкIым кIэлъыплъыну. Хэт ищIэн абыхэм ящыщ зыгуэрхэм «Спартак-Налшыкыр» мыгувэу ягъэлъэщынкIи хъунщ.

Дызыхуэкlуэ щэбэтым Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм щIедзэж. «Спартак-Налшыкым» ар иригъэжьэж турнир таблицэм иужь зы командэ закъуэ фIэкIа къыщимыту. Абы и стадионым къыщригъэблэгъэнущ курыт зэфIэкI зиIэ «Сочи-2»-р.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.219
Заказыр №1552
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхъIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(2, 4-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.